Nomer 41 — Salasa 10 April 1928 ( 19 Sawal 1346 ) — Taoen ka 4

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor.
di Tjiandjoer Bestuur Pasoendan Tjiandjoer.
Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

# SIPATAHOENAN

*Serat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.*

Ditjitak di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan Bestuur Pasoendan Tjiamis.
Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

Redaktoer:
SOETISNA SENDJAJA ATMAWINATA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31.
POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeweg No. 12 Tasikmalaja.
LANGGANAN. 3 sasih . . . . f 1,50 Dibajar tipajoen. Salambar 15 sen.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,50 } Sakali moeat
1/32 „ f 1,50 } dibajar ti pajoen.
Langganan langkoeng mirah.

## GEVRAAGD

Uiterlijk ingaande 1 Juli '28 een bevoegde leerkracht voor de te openen GESUBS.

MULOSCHOOL der Vereeniging „PASOENDAN" te Tasikmalaja.

Gouv. voorwaarden + f 25.— toelage 's maands.

Akte Natuurkunde strekt tot aanbeveling.

Stukken te richten aan het Bestuur PASOENDAN te TASIKMALAJA vóór 15 Mei 1928.

## Djrg. Patih Bandoeng dilepas??

Sanadjan keukeuh teu hajang pertjaja, nganggap pamohalan kana kabar, madjar Djrg. Patih Bandoeng di lepas, tapi tjiri boekti teu beunang ditampik, kadar lesot ti akarna, ngembang boled, tetela enja pang dilepasna.

Oerang rea di Pasoendan, di Priangan babakoena, sanadjan enggeus tetela, keukeuh masih roengah reungeuh, asa ngadenge gelap njasab, ngadjelëtet keur panas poë mentrang mentring.

Na naon atoeh noe djadi marga lantaranana, noe matak hidji amtenar noe geus kongas katjakepanana kahadeanana, nepi ka tidjoeralit tina tempat noe sakitoe loehoerna?

Beh ditoe ge geus aja ari bedja mah, nja eta tina hal conduite-staat djrg. *Moeh, Moesa Soeria Karta Legawa* warnen Patih Bandoeng.

Djrg. Soeria Karta Legawa koe Kdj. Goeperemen geus diantjokeun bakal ngagentos ramana, Kdj. Dalem Garoet, didjagoan koe amtenar-amtenar bangsa Walanda.

Kdj. Dalem Garoet djero taoen-taoen ieu moendoet pangsioen. Atoeh benoeman djrg. Patih warnen Bandoeng kana Dalem teh saat geus aja dina pesakna. Sanadjan koe toean Goepenoer djeung toean Residen Priangan Tengah geus dianggap tjakep pikeun djadi Dalem, tapi lantaran poedrahna ngaliwat ka kantor t. Adpisoer Inl. zaken, toean Adpisoer moendoet heula timbanganana Dalem warnen, da ieu beh ditoe di Kantor Inl. zaken geus njarita koemaha timbanganana ka djrg. Patih warnen.

Sanadjan djrg. Wira di Atmadja, kdj. Dalem warnen Bandoeng tadina geus njarios, langkoeng sae entong njanggakeun conduite-staat, tapi tina dipoendoetan nja kapaksa ngiangkeun ka kantor Karesidenan.

Dina conduite-staat dipertelakeun sakoemaha pamendak andjeunna, diseboetkeun jen djrg. Soeria Karta Legawa boro-boro pikeun kana pangkat Dalem, keur pangkat noe ajeuna oge tatjan tjoekoep; oge tjan beunang di tetepkeun, naha beunang atawa henteu dipertjaja.

Toean Residen matja eta conduite staat pohara kagetna atawa bisa djadi oge ambek, lantaran pohara patong gong tonggongna djeung timbangan andjeunna, kitoe deui djeung pamendakna Toean Goepernoer, noe geus nganggap tjoekoep Djrg. S. K. L. pikeun diangkat kana Dalem.

Ari timbanganana Kdj, Dalem warnen sapagodos djeung Toean Astisten noe ajeuna geus teu aja di Bandoeng.

Bisa djadi toean Residen aja sangkaan, Dalem warnen sirik ka patihna nepi ka njiar akal, soepaja Djrg. S. K. L. oelah toeloes diangkatna kana Boepati.

Koe Toean Residen diterangkeun ka Dalem warnen, jen koe ajana timbangan noe goreng dina conduitena Patih warnen, bisa djadi andjeunna— djrg. S, K. L.—teu aja pangharepan kana djadi Dalem.

Nja ti lebah dieu mimitina tjektjok teh!

Koe lantaran toean Residen pohara nganggap pentingna kana perkara ieu pisan Kdj. D. warnen bisa djadi ngemoetkeun kana pibaloekareunana (andjeunna geus ditotol bakal djadi Boepati Tjirebon) tjeuk *Bat. Nwsbl.* — koe Kdj. warnen eta timbangan dipoendoet deui baris diomean.

T. Residen teu maparinkeun, nja toeloej Kdj. warnen ngintoenkeun soerat pikeun mere katerangan.

Ari tjeuk *A. I. D.* mah lain kitoe: Toean Residen mimiti teu maparinkeun pikeun moelangkeun deui conduite-staatna djrg. S. K. L., tapi lila-lila erek maparinkeun deui, ngan Dalem warnen koedoe njanggakeun heula conduite noe sedjen. Dalem warnen baris njanggakeun deui conduite noe sedjen, tapi hajang nampi heula noe tiheula.

Tina pakereng-kerengna sigana, nepi ka t. Goepernoer koe andjeun soemping ka Bandoeng ngoeroeskeun ieu perkara, noe koe andjeunna dianggap pohara pentingna.

Prakprakanana t. Goepernoer nembongkeun anggapanana ka noe djadi Dalem warnen — tjeuk Bat. Nwsbl. pohara terangna, ngan handjakalna koerang ngingetkeun kana perkarana . . . . . . tjindekna katjida poharana nepi ka moen djelema noe biasa mah matak oenggah bale watangan. Ketjap ketjap noe dipake harita teu aja pitempateunana dina soerat kabar mah.

Oge toean Goepernoer ngoetik-ngoetik noe geus kaliwat, mokpokeun ka Dalem warnen, njabit-njabit kana conduite-staat andjeunna ka toekang-toekang. Lain noe mamawa kana katjakepanana dina . . . . amtenaar. tapi kana adat tabeatna.

Pangna t. Goepernoer moerstel ka Pamarentah, soepaja Dalem warnen boh dilepas atawa ditoeroenkeun kana Wadana, tina andjeunna teu beunang dipertjaja. Pangharepan kana djadi Dalem mah soemawonna geus teu aja pisan,

Ari pangna teu beunang dipertjaja sabab mimiti njanggakeun timbangan noe pohara gorengna, ahir ahir rek njanggakeun deui noe kira kira bakal ditarima koe noe djadi Goepernoer.

Tah sakitoe kira-kira ringkesna sadjarah Bandoeng. noe geus aja dina soerat kabar Walanda.*) Beda djeung sakoemaha tjaritaan di golongan amtenar bangsa priboemi. Sabab tjeuk sakaol, Kdj. D. warnen Bandoeng teu *moendoet deui timbangan andjeunna noe geus disanggakeun ka Toean Residen.* Malah sabalikna. Aja tjarita. ma djar saoer Kdj. Dalem warnen, ari keukeuh mah Djrg. S. K. L. koedoe djadi Dalem keur naon koedoe ngingetkeun kana adpis koering, tong di palire eta mah singkirkeun bae. *Koering teu bisa mere katerangan noe pasalia djeung boektina.*

Ngadeuge ieu mah asa siga, meudjeuhna kaloear ti Djrg. *Wira di Atmadja.* Teu rek pertjaja oepama andjeunna rek *oelad-alid* tjara noe aja dina soerat kabar Walanda. Lain perkara oepama *dipaksa koedoe loeak-leok* Oerang noe djaoeh tina perkarana, barang tangtoe moal waka bisa nimbang naon-naon, lantaran tatjan terang bener koemaha noe saenja-enjana. Noe boga perkarana koe andjeun, atjan kaloear tjariosan naon-naon **). Bisa djadi koe andjeunna dianggap tatjan nepi kana dawoehna.

Sabab ari kana bakal nakis paneunggeul itoe mah, anoe, tangtoe tea. Lain pidjelemaeunana di djrg. Wira di Atmadja kana bakal toemarima.

Malah geus boekti, andjeunna barang tas diseukseukan koe t. Goepernoer, geus ngintoenkeun rekesan ka toean Besar, njaritakeun tingkah lakoena noe djadi Goepernoer. Saoer andjeunna — ieu oge noeroetkeun soerat kabar Walanda — sanadjan geus boga kajakinan, jen taja petana bisa tetep di kalangan B. B. oepama ngingetkeun ka pabentar djeung t. Goepernoer, tapi ieu henteu koedoe djadi sabab nepi ka koedoe ditjarekan laklak dasar di hareupeun noe sedjen, koe ketjap-ketjap anoe nista, Djadi moen dina pesta mah ajeuna geus tataloe.

Moal heran, oepama ieu perkara pandjang boetoetna.

Sabab oepama Pamarentah hajang diseboet *adil asak sasar*, oelah ngalepas patih kawas ngalepas toea kampoeng, barang tangtoe pisan oelah rek ngagoegoe bae kahajangna hidji djelema, sanadjan eta djelema djadi Goepernoer.

Beuki komo koedoena dipariksa, sabab djrg. Patih Bandoeng, warnen Dalem noe geus dieureunkeun, henteu njorangan dina mere timbanganana noe goreng. Boektina toean Assisten noe geus teu aja di Bandoeng oge, sapagodos djeung andjeunna.

Asa moestail mere timbangan sadjretna, noeroetkeun napsoe, tangtoe aja alesanana.

Oerang rea tangtoe moal tarima oepama ieu perkara disidem; komo bangsa golongan B. B. sabab moen kitoe, saroea bae djeung hiroepna gantoeng ti hidji djelema, *Prijaji Bond* tangtoe madjoe kalangan sanes?

Lain bae *koedoe* dipariksa, tapi oge koedoe diingetkeun *saha* djeung *koemaha* mariksana.

Oepama henteu salah dedengean, perkarana djrg. Wira di Atmadja, dianggapna koe oerang rea geus *lain* perkara andjeunna tapi *perkara kaadilan.*

Pangarep-ngarep hajang broekbrak. Pamanggihna Pamarentah koedoe kaharti alesanana.

Mangrisikeun dina tisoledatna, sieun matak *ngoerangan kana kapertjajaan.*

*). Dina nomer ieu aja salinanana roepa-roepa kabar tina s. s. k. Walanda

(Red.)

**) Tingali salinan tina A. I. D.

## „Kagegelan ka djr. Saepi"

Bet asa kapaksa sim koering ngadamel ieu karangan, koe lantaran seratannana Djr. Saepi anoe aja dina „Sipatahoenan", ping 13 Maart 1928, taoen ka 4, tina perkawis „Pasoendan Batawi".

Samemehna, sim koering njarios, sedja bade talek heula jen sim koering teh teu pisan-pisan gadoeh maksad nangtang ka djr. Saepi tina perkawis njoerat - menjoerat; maksad moeng woengkoel bade sakedah polah nerangkeun tina hidji hal bae, anoe koe sim koering katimbang perloe.

Djr. Saepi parantos njarioskeun dina karanganana, jen oerang Banten boga rasa lain sasama bangsa ka oerang Priangan.

Oerang Banten noe aja di mana, sareng oerang Banten anoe mana anoe dimaksad koe djr. Saepi teh? Tangtos sanes oerang Banten anoe aja di „Oedjoeng Koelon," atanapi anoe aja di „Tjibeo", noe panginten teu terang-terangeun atjan di ajana tanah Priangan sareng bangsa Priangan namoeng anoe dimaksad koe djr. Saepi teh panginten nonoman nonoman oerang Banten, anoe sakadar parantos aja kateraungna tina kaajaanana alam doenja.

Oepami leres kitoe, bet asa gagabah teuing djr. Saepi njarios teh!

Margi pikeun sim koering (oerang Banten) sareng tangtos pikeun seuseueurna kantja-kantja, raraosan teh langkoeng lebar; nja eta sanes bae gadoeh rasa sasama bangsa ka oerang Priangan, namoeng oge gadoeh rasa sasama bangsa ka oerang Indonesia.

Koe sim koering kabartos naon margina noemawi djr. Saepi tiasa njarios kitoe. Meureun saoer djr. Saepi tjenah, koe lantaran:

ka I. Koe djalaran doegi ka ajeuna di Banten teu atjan aja tjabang Pasoendan.

ka II. Panginten koe djalaran djr. Saepi parantos ngoeping tjarios, atanapi parantos oeninga jen di Bandoeng aja Bantammer - Vereeniging „K. H"; „Kaweningan Hate".

Ieu doea perkawis koe djr. Saepi teu kenging dianggo conclusie.

Margina anoe kahidji:

Djr. Saepi oge tangtos oeninga jen tanah Banten teh teu kenging disebat soeboer sareng seueur pakoelianana. Apan emigranten pikeun Lampoeng oge seueur pisan ti Banten. Sareng deui nonoman - nonoman Banten meh sadaja neangan pakoelian ka loear tanah Banten. Anoe matoeh di Banten mah kenging disebatkeun nonoman nonoman Banten noe terpeladjar anoe didamel di B B. bae, sedeng pikeun arandjeunna mah katingalna teh koe sim koering teu aja pisan waktos pikeun ngadjalankeun anoe sanes, kadjabi ti padamelanana.

Tjenah da si Marhaen oge bisa djadi elid Pasoendan.

Kantenan namoeng apan serdadoe oge kedah aja Sergeantna, parahoe kedah aja kamoedina,

Ajeuna margina anoe ka doea: Satadina mah ieu perkoempoelan K. H. teh kenging disebatkeun „Familie vereeniging" bae. Nanging dina Algemeene vergadering anoe teu atjan lami ieu, koe djr. Sastradipradja parantos divoorstel, pikeun ngarobah maksadna eta vereeniging; nja eta, oge berhaloean pikeun hiroep koemboeh, sareng ieu voorstel koe algemeene vergadering parantos ditampi.

Koe djalaran ngadegna ieu vereeniging oge, teu kenging disebat sapertos tjariosanana djr. Saepi. Margi seueur lid K. H. oge anoe lebet djadi elid Pasoendan. Malah apan Secretarisna tjabang Bandoeng oge oerang Banten.

Ajeuna oepami djr. Saepi naroskeun: „Atoeh naon perloena, oerang Banten koedoe ngadegkeun koempoelan sorangan. Koe naon lain arasoep bae ka Pasoendan.

Atoeh oepami kitoe mah, sim koering oge bade naros: „Naha make aja Pasoendan sagala; enggeus bae arasoep ka „P. N. I.", toch keur sawareh langkoeng oetami.

Ajeuna sim koering bade njarioskeun, naon margina, noe mawi oerang Banten ngadegkeun ngagadoehan perkoempoelan sorangan.

Kantenan ieu teh oepami ditendjo, sakolepatan mah: „Verbrokkeling"; atanapi „verspilling van krachten".

Namoeng K. H. gadoeh maksad anoe sanes, sapertos panginten anoe dipimaksad koe „Pasoendan" oge, nja eta:

„Arbeidsverdeeling" Oerang pada njekel heula bageanana; engke dipajoen, gampil, moeng kantoen ngahidjikeun bae; beubeunangan saoerang oerangna digaroe, da maksoedna mah sadajana oge sami; sapertos afdeeling afdeeling di fabriek „Ford", anoe sahidji hidjina pada kenging bagian, padamelan, sapertos hidji afdeeling woengkoel moeng ngadamel spatbord, noe kadoea ngadamel kap; s. s. t.; sedeng oepami parantos ladjeng dihidjikeun, ngadamel anoe dimaksoed nja eta „Ford", tea.

Nja kitoe maksadna „K. H." sanes ~~pisan bade aing-aingan~~; nanging bade midamel bagianana, nja eta: Ngamadjengkeun tanah sareng oerang Banten, sakedah polah. Doepi engkena mah, nja gampil, oepami tanah sareng oerang Banten parantos georganiseerd mah; K. H.; digentos didamel tjabang „P. N. I." sapertosna.

Kitoe maksadna K. H.! Moegi moegi bae tiasa kalaksanakeun. Djadi sanes bade aing aingan. Teu kinten bae senangna, oepami „K. H." tiasa ngabantoe ka sanes sanes perkoempoelan; nja kitoe deui, „K. H." ngadjeng ngadjeng pisan kana pertoeloenganana, oepami „K. H." eukeur noedjoe kedah ditoeloeng.

E. S. D. P.

## Njiroe rombongeun.

Dina s. k. Sipatahoenan No. 37 anoe dikapalaan „Koeminis katjingtjirih," nja eta njaritakeun kaajaan tjenah, nagara Roeslan katjida gandjilna, kateuberesanana pamarentah ajeuna lantaran diradjaan koe si Tjepot.

Naon hartina si Tjepot di dinja?

Meureun hartina mah teu hade atawa teu panoedjoe ka si Tjepot djadi radja. Ngan teu sirik njeboetkeun keur naon si Haen djadi madjoe.

Ana dilelekan bet eta karangan teh, hidji barang anoe pohara djerona ngandoeng maksoed, anoe matak ngadatangkeun kana patjeklik ka lemah tjaina sorangan.

Moal salah deui eta teh ngaririwaan ka noe ngarora, sapedah aja noe tingkaritjeup loeloengoe moekakeun simboet, ngararasakeun ka ngeunah reudjeung ka teu ngeunah, nepi ka aja palikiran rek nembongkeun kahajang ka noe djadi kolot; moen kolot tea mah.

Naha make dihoeroen-soeloehkeun ka oerang Roeslan? Karep enja teuing itoe itoe, oerang oerang tjiri sabcemi tjara sadesa, da oerang teu ngarasa amis pelem, pait peuheurna. Enja ari koedoe koe ngeunteung tea mah, tapi eunteungna koedoe noe aloes tjara noe deukeut bae ka oerang, koemaha

kamadjoeanana Djepang ajeuna?

Da pribadi oge ari rek noeroetan tjara di Roeslan mah teu moepakat teu panoedjoe. da eta mah teu kasoep mode tjinta bangsa,teu kaasoep mode tjinta lemah tjai, lamoenna oge beunang diseboet mode tjinta hawek.

Atoeh njasat eta mah lain kamanoesaan lain kalemah tjaian, lain kabangsaan ari balik deui ka djaman rasnang mah, saha noe keras eta noe meunang.

Ari pribadi mah njeboet amin, rempoeg, rempag, acoord soteh, lain rempoeg ngadjalankeun poelitik bedog, tapi koe djalan poelitik lemes, herang tjaina beunang laoekna, tjara anak menta kamerdikaan ka bapana, geuning diimahan, disawahan, diparean, dimodalan. Meureun si kolot teh resep nendjo si anak roentoet roekoen tjoemaritana, lain hade kolot noe kitoe?

Naon salahna anak aja pamenta ka bapana? naha salawasna kanakalan si anak, ditetepkeun kasalahan si anak? kapan kalobaan noe djadi sabab taja lian si bapa teu bisa noengtoen kana kabageuran ka anakna.

Geura di kolot noe masih poëk mongkleng boeta radjin boga anak keur sakola, eta boedak menta dipang meulikeun boekoe djeung patlot keur parabot neangan loeang, dibelaan tjeurik maledogan panto da teu ditoeroet kahajangna.

Naha anoe saroepa kitoe teh salah si anak? kapan djadi dosa gede ka kolot anoe nambelarkeun anakna. Eta teh lain boa, malahan anakna sakola teh, tekadna hidji gawe peeraga lantaran sakolana oge kapaksa dikoprek koe Loerah-loerahna, pokna oge keur naon sakola da moal djadi menak.

Tah kolot noe pantar kitoe, saha noe boga kawadjiban ngelingan, lamoen lain bangsana?

Kilangbara tjara djoeragan Coen mah hiroepna mashoer geus poepoesge sakitoe seungitna, geuning nepi ka aja patoengna ngadjegir hareupeun palisna. Meureun eta teh keur tanda pangeling ngeling ka poetra poetoena hidji kolot noe mere warisan atawa mikanjaah kana kabangsaan.

Djeung eta aja angkoeh ngareheng ka si Tjepot, kawas pisan teu ngarasa jen manehna hiroep djeung si Tjepot, geuning perang Pendawa oge anoe sakitoe sakti mandragoena, teu aja si Tjepot mah katjida ripoeheunana malah sakapeung mah ngadjadikeun kasoeahan gede.

Dina waktoe pangeran Danandjaja teu ngangken poetra ka Bangbang Lempita, diperangan koe Poerabaja soeroepan goeroena, sakitoe prihatinna oerang Pendawa teh, malah djimat Panah tjakra sareng peso pati noe bisa ngaroentoehkeun goenoeng (Tjarios wajang soteh) nalika harita mah taja damelna,nepi ka Ardjoena loempat ka Padoekoehan ngoepahan kang Semar sareng anak anakna soepaja daraekeun deui ka Pendawa.

Saha noe ngarapihkeun? lamoen teu aja kang Semar sareng anak anakanana?

Naon kahasilanana kaom modal lamoen teu aja si Tjepot alias si Haen? Nihil !!!

Da lamoen enja oge, teu boetoeh koe si Haen meureun kaom modal teh leuwih merdika nangtoengkeun pabrikna, moeka bangna di P, Papoea.

Si Haen mah bisa matjoel melak sampeu nadjan teu aja kaom modal oge moal paeh kalaparan,

Mangga bae garalih ageung mana hikmatna emas saageung doewegan santri sareng pelak sampeu sabata dina waktoe patjeklik boh aja kalaparan ngalamar ka lemah tjai oerang?

Ana kitoe si Haen sareng Modal, bergoena si Haen pikeun oemoem mah.

Peletas peletoes kawas mertjon koerang obat, boro mah koering teh boengah noe ngarora ting tjarileuk loeloengoe, kalah dipepende deui bari di ririwaan.

Iraha atoeh madjoena?

Somah ge koering mah koeritjakanana Maspoespamanggala pedah gadoeh tangkal poespa sareng tjaoe manggala di kebon koering.

*Biwir leuleus teu diwengkoe.*

---

## Tanah Tinggi

(Tanggerang).

Sadajana oge moal bireuk ka tempat anoe kasebat di loeboer. Ngan ari kaajaan ajeuna mah dina taoen ieu 1928 deka teuing.

Palataranana meh teu benten sareng palataran (padataran) Tjikoedapateuh. Bandoeng, Tjimahi. Oepama oerang Priangan ka Tangerang biasa pindah kareta di Batavia Noord. Ngaromongna oerang dinja Soenda Banten tjampoer Batawi ora (anoe . . . tea). Lobana Soenda Banten. Kira kira 1 K. M. deui rek ngadatangkeun ka Station Tangerang keutja katoehoeeun djalan spoor paeunteung eunteung gedong pandjang (anoe henteu benten sareng djoengkiringna Tangsi tangsi soldadoe. Gedong anoe beulah kidoel awas pisan tina kareta api (djalan spoor) anoe merkna.

**Jeugd gevangenis.** Djisim koering saoemoer njanjabaan kakara matja gedong anoe kitoe, koe margi kahartos pisoendaeunana, panasaran hajang terang koemaha sadjarahna, sarta pohara hajang laladjo di djerona (kaajaan oenak anikna).

Tataros ka anoe diandjangan (dosloer djisim koering) anoe didamel di S. S. (kana klerk).

Sihoreng anoe hidji deui mah (gedong beulah kaler) benten deui. Eta mah (anoe pandeuri) ana diilikan merkna bet 's Lands opvoeding gesticht voor jongens". Ieu oge kakara deui bae ningal merk anoe kitoe teh.

Kaleresan harita taboeh 3 sonten kirining anoe diharendo seueurna 4. kana fiets ditaros palebah lawang eta gedong (da arandjeunna bade lalebet ka eta gedong, ari saoerna teh „Bade ngadjar baroedak, (da andjeunna goeroe goeroe sakola Kl II Tangerang)." Atoeh djisim koering katjida atohna, jen anoe ditaros ibatoer sadepartement; koe margi dina rek prak ngadjar henteu tiasa teras ngawangkong.

Djisim koering menta idin ka djaga lawang, teras dioendjoekkeun ka ambtenaar Walanda anoe aja di dinja. Koe margi andjeunna ngaraos aja deui saloehoereunana (Directeurna) nja noedoehkeun soepaja djisim koering meunang soerat paidin ti Directeurna. Djisim koering moedji kana adat anoe sakieu aloesna (anoe ngahargaan ka doenoenganana sarta njaho kawadjibanana) moegi moegi hal ieu sing meudjit ka ati sanoe barina anoe sabalikna ti eta ambtenaar tea.

Panasaran, gantjangna djisim koering ka boemina Toean Directeur (tapi koelem keneh). Tjeuk baboena sok hoedang poekoel 5.

Koe margi sonten teuing nja endjing deui bae.

Endjingna parantos teu aja kitoe kieu, enggalna tiasa ngadjadjah ka anoe dimaksoed tea (dianteur koe ambtenaar tina hal kaberesan, kabersihan eta gedong).

Saoer andjeunna.

Di dieu baroedak teh ± 200 dibagi bagi 3 groep.

Groep A. (anoe laleutik) ti 6—10 taoen
„ B. ( „ sedeng) „ 11—14 „
„ C. ( „ gede) „ 15—18 „

Pangoeroesna.

Directeur-Onderdirecteur,

Opvoedingsambtenaar, noe nalingakeun kalakoeanana baroedak.

Opv. ambt. adegan (beresna-beresihna)
„ „ pagawean kai
„ „ „ beusi
„ „ tina tani

Djabi ti eta aja Dokter.

Kaajaan kamar-kamar sapertos:

Magazijn zaal (goedang parabotparabot) Slaapzaal- Eetzaal- afwasch Badkamer—Zoekkamer—Smederij (kai beusi) Hospitaal W. C. sareng aja strafkamer.

Pagaweanana baroedak diatoer dina saroepa-roepana pagawean saminggoe sewang, (ganti kana gawe sedjen). Oepamina sagoendoek (sagroep kira kira 4—5 boedak) minggoe ieu kana njeuseuh, minggoe hareup kana sasapoe enz. enz.

Lilana digawe (pagawean saban poë).

Poekoel 7 isoek isoek moemoeloek roti tjikopi, tidinja diadjar baris kinten kinten dongkap ka taboeh 8—8¼. Teras dibagi-bagi gawe. (Waktoe rek dibere pagawean) diantri heula (dibariskeun soepaja tjitjingna beres).

Sakoer-sakoer noe geus dibere pagawean kakara bidjil tina tjitjingna tadi).

Ngatoer anoe saroepa kieu oge pohara djadi tjontona (beres-tartib).

Pagaweanana baroedak pohara hadena (harita ningal boekti pagaweanana baroedak tina kai djeung ngapoet). Pagawean kai teu beda djeung ambachtschool. Nja kitoe deui tina beusi.

Pagaweanana baroedak teh sabada baris (ti poekoel 8—8¼ t/m 12 make 2 × eureun anoe à ½ djam Madjoe deui ti poekoel 3 nepi ka poekoel 5. (nja eta sawareh sakola—sawareh digawe sedjen). Goeroena kenging toelage saoerangna f 50. (Pohara pantesna tjatjakan noe ngadjar ti 7.30 t/m 1 mah kapan ngan f 30.) soemawonna moen ngabandingkeun kana gadjih Goeroe desa mah. (Tjing atoeh Onderwijs teh geura ngahadean) sing emoet kana kaajaan zaman ajeuna, pirakoe ari teu tingali kana tatandingan kaajaan taoen 1910 kana taoen 1928 mah.

Ti dinja djisim koering ditoedoehkeun kana kebon baroedak (diganti dianteur koe opv. ambt Landbouw) djenenganana A. J. G. Lieth.

Pohara aloesna - beresna, oenggal noe dipelak dimerekan ngaranna djeung mimiti melakna. Kebonna lempeng djeung beresih. Noe dipelak estoe keur parab baroedak bae (ajeuna geus teu meser) ti dinja bae. Harita anoe dipelak teh roepa roepa sajooran—sampeu—tjaoe enz. enz; ngan teu melak pare da teu aja tjai (soesah).

Pikeboneunana ± 1 paal pasagi kira kira harita kakara dipigawe 1/80 paal pasagi (4 baoe). Andjeunna nepi ka mere pibiniheun ka djisim koering; teu kinten andjeunna saena, Deukeut opvoeding gesticht keur baroedak lalaki, aja deui keur baroedak awewe tjeuk andjeunna ± 30. baroedak awewe. Ari Jeugdgevangenis baroedak anoe oemoerna ti 18 t/m 25 taoen.

Benten deui Directeurna, ieu mah pagaweanana geus aloes malah lomari lomari keur sakola-sakola Gouv. oge ajeuna mah ti dinja.

Wartoena baroedak di dieu mah pohara . . . . . na (boektina sok aja anoe silih paehan djeung batoerna).

Dina opv. gesticht voor jongens oepama geus oemoer 18 taoen bageur, meunang balik, oepama . . . . (pindah ka Jeugdgevangenis).

Baroedak anoe ditanja koe djisim koering djawabna: „Aja noe maling kalapa 2—3 hoeloe, maling sapatoe djeung bangsa saoetak saeutik ti pasar".

Baroedak anoe rada gede sarta bageur didjieun kokolotna (marentah 25—30 batoerna) ngaranna Monitor dina beuheung badjoena (djoeroe hareup kentja katoehoe ti handapna make sekonan. strip beureum.)

Doepi kaajaan baroedakna ti Hindia Nederland bae, da boektina harita: Aja anoe ti Atjeh, Menado, Malang; malah aja anoe ti Tjiamis, Bandoeng, Tjiandjoer, Soekaboemi.

Ngahatoerkeun pirang pirang noehoen ka Djoeragan Redacteur parantos kersa maparin tempat.

Hormat djisim koering

Langganan 852

**H. A. R. Pandjipoera.**

Soekanagara, postmerk.

---

## KAREP.

Samboengan.

### 7. Wiwaha.

Djalma teh koedoe boga wiwaha djeung koedoe rikat. Ieu doea tabeat gede pisan gawena pikeun nolak bahja anoe rek toemiba kana dirina. Wiwaha djeung rikat bisa ngarasakeun gara-gara atawa ilapat naon, anoe babal datang nebak kana dirina. Sanadjan henteu ngarempak roekoen roekoen oge moenggoeh di djalma mah sok aja bae mangsana di salah, maksoed hade oepamana, tapi ana pok matak pikanjerieun. Koe wiwaha djeung rikat(handig) kasalahan eta teh gantjang kaoebaranana. Soepaja oelah djadi toekang ngahaminan bae, henteu perloe tjetjempad. Lamoen pambrih kahadean, oelah samar koe kagorengan.

Keketjapan teu koedoe matak njeletit, matak peurih. Perloe ngahormat kana kajakinan deungeun. Hajang bener sorangan bae, henteu hade. Kakarepan oelah ngan hajang ngahep bae ka sasaha teh, sabab eta teh teu pantes, teu lajak.

Oelah ngan resep tjatjawad bae, tapi koedoe daek menerkeun deui. Djalma teh lain ngan koedoe tjoemarita bae, tapi koedoe bisa tjitjing djeung ngabandoengan deui. Anoe nganjenjeri djalma tanpa dosa, lain djalma wanter. Djalma noe make wiwaha, doedoega reudjeung perjoga, mindeng tinekanan sapanedja. Salah pisan sarta taja mangpaatna, moen maneh boga karep, pambrih karasaeun, boh koe saloehoereun atawa koe moesoeh, jen maranehanana teh sahandapeun maneh. Saoer Lubbock: „Kadjeun eleh bebeneran. tinimbang djeung leungit sobat." Wiwaha oelah sasar nepi ka djadi pangoloan, tjara di djalma anoe mimitina ngan hajoh bae njempadan, ari toengtoengna bet ngahaminan, Oelah mangkir djeung oelah nembongkeun kakasaran. Oelah njarita noe teu teroes djeung hate, tapi poma pisan oelah salawasna ngedalkeun sapangadiak hate. Oelah njaritakeun batoer, dipake loeloetjon, salah anoe kieu teh katjida pisan matak rehena. Djalma noe barangasan lain tjitjiren teu boga karep hade, tapi tanda djalma noe koerang wiwaha. Aloes kabina-bina sakoer noe milampah pagawean, noeroetkeun pikiranana sorangan, djeung aloes deui, anoe daek ngabandoengan kana papatah.

Sanadjan boga wiwaha, sakapeung sok kabarengan koe boga tabeat satarabasna. Koe sabab eta lakoe lampah teh koedoe diatoer, noeroetkeun koemaha tempatna. Dina eukeur ngamedi, ngalalakonkeun hidji tjarita djeung sabangsana, nja meunang goegoejon, papalitjetan, tapi ari geus aja loeareun ieu mah koedoe ganti, toeroet koemaha koedoena. Oelah hajang ngabodor bae di mana-mana teh. Tapi sanadjan kitoe koedoe inget ari goreng boedi djeung mesoem mah henteu hade. Oelah goemagah, goeminter djeung sabangsana, da ieu oge lakoening anoe teu pantes. Sakitoe deui teu meunang ari nembongkeun teuing kaajaan diri sorangan mah.

Oelah mindingan kaera koe kabepegongan. Lamoen sobat atawa boedjang boga kasalahan, oelah diseukseukan hareupeun noe sedjen sarta kasalahanana teh oelah dioear-oear

Pang teu perloe-perloena njaritakeun ka noe gering, jen panjakitna moal pitjageureun deui.

Anoe kaasoep kana wiwaha hade, nja eta netepan sagala perdjangdjian, sanadjan perkara leutik djeung djagrag dina waktoena. Radja-radja salawasna tara elat atawa liwat tina waktoe anoe geus diembarkeun tea. Panganggo anoe kieu perloe koe oerang didjieun tjonto. Aja deui noe njarita, jen menak mah dagoaneun bae, tapi ari anoe oeninga kana kaloenggoehanana mah, disingkahan kadjadian kitoe teh. Sagala perdjangdjian anoe hade, soetji. Saha salia noe emboeng ngadagoan, oelah njiar dagoaneun. Elat datang matak ngabaroebahkeun. Tigin kana waktoe tandaning kasatriaan.

Dina sagala perkara anoe hade, koedoe dibarengan koe sawatara doedoega perjoga. Remen pisan geuning koe oerang oge sok kabireungeuh ana tjatjampoeran djeung babatoeran sapopoëna: aja djalma anoe ngetjebrek bae njarita; eta teh leuwih matak boseu batan anoe kemba.

Aja deui noe ngan osok tatanja bae, anoe kieu baoe-baoe kana lantjang. Sawareh deui karesepna teh ngan mapatahan, palebah dieu djiga pisan anoe ngamalkeun agamana ka djalma leuweung, toengtoengna pada ngareweg, dihakan.

Remen pisan loba perkara anoe perloe dibedjakeun ngan ka dirina pribadi bae, ari ka deungeun mah moen arek oge ngan oekoer sakalikalieun.

Koedoe eureunan bae mapatahan teh, anggoer njontoan ajeuna mah. Oelah mere nasehat henteu karana dipenta. Wiwaha hidji kajasa anoe bisa ngadjalankeun pagawean beurat koe kalemesan. Oelah aja panoehoen ka djalma anoe keur poesing. Oelah njarita lamoen keur ambek. Oelah sok ngoepat. Oelah nganjenjeri maneh. Djalma teh koedoe ditjekel sakatendjona bae. Oelah sok katalangsoe. Poma oelah sok nangtoekeun teuing (sedjoeb).

Oelah sagala ditimbang djeung sagala ditjawad, Koedoe diadjar koeat koe panjempad, ngarti kana goegoejon, soerti kana bebeneran, Perkara leutik oelah didjadjadikeun. Poma oelah djidjieunan, oelah goemagah. Oelah doesoen. Oelah ngagelokeun batoer. Oelah tjeuli lentaheun. Oelah njaritakeun diri sorangan. Oelah megat tjarita. Oelah dipindo njaritakeun hidji perkara ka djalma anoe geus njahoëun, Oelah nganjenjeri. Koedoe keras ka diri sorangan, leuleuj ka diri batoer. Tarimakeun moen geus kaharti, memang kitoe benerna. Mikeun samilik-milikna teu dibarengan koe olo olo, tah di dieu rasiahna wiwaha joeda nagara teh.

### 8. Nahan napsoe.

Ieu pagawean anoe panghese-hesena pikeun kalolobaanana djalma, sabab koedoe kabarengan koe djagdjag waringkasna. Di djalma anoe ajem, teu getapan, teu goegoep, gens njampak kabisa eta teh, sanadjan djaoeh ari kana sampoerna mah. Koe sabab eta lamoen djalma anoe kieu dipriskeun sina pabisa-bisa nahan napsoe djeung anoe atjan boga tabeat kitoe, atoeh tangtoe bae bol bol ninggalkeun satengah. Tapi geus teu sak deui, sarerea oge mo boeroeng bisa mengkek napsoe teh, lamoen toeloej toemoeloej daek diadjarna djeung apik dina hiroepna deui.

Koedoe ditahan oelah barangasan. Lamoen keur ambek, oelah loba teuing njarita sarta sabisa - bisa oelah baranggawe. Di teu bisana oge nahan amarah, poma oelah nepi ka djedjerewetan, awong - awongan njarekan djeung laklak dasar. Komo njarita ka boedjang mah masing ajem, sabab boedjang teu meunang njempad atawa nambalang. Katjida salahna ngoembar amarah ka boedak, da boedak mah moal bisaeun ngalawan. Panghade hadena diadjar nahan napsoe nja eta koedoe boga pikiran, jen saenggeusna ambek teh, wadjib hade deui. Pangoedjian nahan napsoe noe sampoerna, koedoe digareuwahan lamoen keur digawe. Soegal dibales koe soegal deui sapada harita, lain wawanen. Ari hadena mah antep bae heulaanan, geus kitoe kakara didjawab koe omongan anoe bener anoe ninggang kana pidjawabeunana. Tah moen kieu mah kakara beunang diseboet wanter.

Aja djalma noe sok ngagere gere bae, ngangsonan, njoendoetan sangkan ambek, sakapeung osok dihadja, sakapeung deui mah henteu.

Sing ati ati moen papanggih djeung anoe kieu, oelah nepi ka kabolosan, masing tetep ajem, masing teger teu galideur. Djeungna deui ari anoe pangaloes-aloesna mah nja eta noe bisa megatkeun sagala panggoda ririwa Djaman baheula sakoer djalma anoe owah diasoepkeunana ka pandjara teh osok disoentroeng - soentroengkeun bari didjongklok - djongklokkeun.

Tapi ajeuna mah henteu kitoe, sabab geus kanjahoan jen eta teh djalma gering. Masing inget sing saha anoe tjoelika, eta teh saroea djeung ngadjongklokkeun batoer. Sanadjan digelokeun, oelah seewoang koe timbangan salawasna koedoe ngagawekeun oeteuk. Noe salawasna ngaheuheujan bae, koedoe ditakis, ari perloe mah. Sanadjan dina waktoena oerang koedoe bela pati kana diri, ari inget mah perloe bae, oelah goegoep.

### 9. Goemati

Taja hidji perkara anoe koedoe disapirakeun. Kabeh ge aja hartina ngan bedana teh gede djeung leutik bae. Saoer Mr. Montijn, advocaat di 's Gravenhage, dina panoetoep tjarita, waktoe andjeunna ngadamel academisch proefschrift, kieu; Djeungna deui perkara mariksa eta soengapan seogan pan (bronnen), roepana taja hidji hal anoe beunang disapirakeun. Lamoen pikiran oerang ditamplokkeun kana perkara naon bae, engke bakal sidik, bakal tetela, jen sagala oge aja hartina ngan bedana teh gede djeung leutik bae.

Sakoemaha anoe didadar koe ieu ahli pangadilan, eta teh bener pisan. Moenggoeh di pagawean noe sedjen sedjen oge nja kitoe pisan, taja binana.

Ari perkara noe loetak leutik mah nja poegoeh oge aja, tapi euweuh soteh perkara anoe beunang disapirakeun. Sabab perkara noe leutik oge bisa ngadjadikeun perkara gede. Salah satintjak bisa mamawa sasab.

Pasir pasir leutik di sisi laoet (duinen) anoe bisa nahan ombak, kapan eta teh didjadikeunana ngan koe keusik, katoeroeg-toeroeg eta keusik teh noe pangleutik-leutikna tea. Roepa djalma kaasoep perkara leutik, tapi teu meunang pisan dihalaworakeun. Anoe matak ngaroeag kana sarina, sabisa-bisa koedoe euweuhkeun Dangdan koedoe basadjan, tapi koedoe rapih djeung beresih. Karapihan lain poepoedjieun. Nja kitoe deui koedoe berseka. Apik rapih kaasoep perkara leutik, tapi eta teh ngandeudeul kana kaberesan roemah tangga.

Ari saenjana mah taja gede taja leutik eta mah koemaha eutjeuk noe njeboet (betrekkelijk). Kapan eta bae geura lamoen seg oerang ngingetkeun kana tjai saketjlak djadi doenjana sato, anoe lemboet kabina bina, naha oerang teh ana dibandingkeun djeung eta, lain gede? Koemaha ajeuna oepama heg ngingetkeun jen doenja noe ditjitjingan koe oerang teh ngan sabagian noe leutik pisan tina alam kabeh, lain oerang teh leutik?

Anoe ajeuna diseboet gede, isoek mah bisa diseboet leutik. Pagawean moal sampoerna hadena, moen perkara noe leutak leutikna teu diparosea. Moal bisa djadi hade oerang oge, moen teu daek ngomean kagorengan oerang noe leutik leutik.

Lamoen oerang oesoem oesoeman, oesoem naon bae karesepan djalma, eta teh oelah emboeng nolih, nadjan kaasoep kana perkara leutik oge, sabab sakapeung mah nja ti anoe kitoe lantaranana, pangna oerang bisa nintjak kana harkat kamoeljaan.

Sanadjan enja hiroep teh didjadikeunana koe perkara noe leutak leutik bae, tapi koe perkara ieu teh oerang osok bisa noeloeng djeung sok bisa ngangeunahkeun batoer.

Kahajangna kagoematian nja eta oelah milampah doea roepa pagawean disakalikeun. Saoer Jan de Wit: „Pagawean anoe koe koering dibantja, dipigawe nepi ka anggeusna."

„Saha saha noe hajang tetep toemetep" di kantorna, koedoe daek ngabeberesna saoer Lubbock. Anoe koedoe dikanjahokeun teh, lain naon pagaweanana, tapi koemaha migawena eta pagawean. Dina hal oeroesan dieuit oge, perloe titik ka anoe leutik. Sabisa-bisa koedoe djeudjeuhan djeung sagala koedoe ditjatet, (ditoeliskeun). Sabisa bisa oelah sok njieun hoetang. Lamoen teu bisa ninggalkeun ieu adat, geuwat bajar dimana geus aja. Oelah pisan njieun hoetang koe lantaran sisip modal, eukeur neroeskeun ngadoe. Djalma anoe ati-ati reudjeung goematina tara ngadoe toempangan gede, tara oedjoeb, tara tataroehan totoragan.

### 10. WAWANEN.

Wanian lain tabeat djalma salantjar (teu boga pikir rangkepan), nja kitoe deui lain anoe teu njaah koe pati batoer. Tapi tabeatna, djalma anoe teu gebeg-geber, teu moendoer, sanadjan manehna njaho, jen kawadjiban anoe koedoe dilampahkeun, anoe koedoe diajonan koe manehna, henteu soewoeng tina bahja. Borangan sok nganasehatan goreng. Enja sakapeung mah sok matak ati ati, tapi sanadjan teu borangan oge, ati ati mah mo boeroeng bisa. Sabisa bisa djalma teh koedoe ati ati, tapi oelah sieunan. Tjitjingna wawanen teh lain dina henteu sieun paeh bae, tapi dina daek ngalakonan hiroep deui, sarta koeat nandang sangsara, lantaran hajang makboel sapanedja. Noe wanian osok sabar, sarta tara ngamomonjah tanaga.

Anoe diseboet wani teh lain djalma noe resep ngaroempak bahja, tapi djalma anoe daek ngajonan bahja, pedah di dihja mangsana oerang koedoe ibadah, toemoeloeng ka anoe lian.

Wawanen kaeusian koe ibadahna, eta teh wawanen anoe sadjati.

Wawanen anoe matak pikanjerieun djalma atawa sato, eta mah wawanen djahat. Soepaja oerang tetep wani, tetep gede djadjaten teu kogdoe di pasrahan koe perang bae, koe katjilakaan alam oge enggeus tjoekoep.

Teu euweuheun toeloenganeun, teu euweuheun belaaneun sadjeroning goemelar di alam doenja teh. Oelah sok gampang njarita, jen maneh moal ngalawan sanadjan ditangtang geloet atawa diadjak perang; ari sababna eta koe lantaran teu soewoeng koe djalma anoe hianat, anoe sirik pidik, iren panastren. Malah panggoreng gorengna pisan mah eta djalma noe sok hneungteuinganan atawa ngarah ka oerang, pedah njahoeun, jen oerang teh djalma bageur. Oelah sieun ngaloearkeun pikiran sorangan, lamoen aja pigaweeunana. Koedoe ditanda lamoen maneh soesoeratan.

### 11. HEGAR.

Koedoe adji ti ajeuna, soepaja hate hegar, sabab lamoen teu bisa ajeuna, komo deui djaga mah di acherat hamo kapanggih eta kahegaran teh" kitoe saoerna anoe ahli ngoelik kana elmoe kasoetjian (Zedenleeraars). Kahegaran memang saenjana asoep ka noe soetji soetji (hade). Goreng boe di parangi, eta teh hidji tanda, jen di oerang aja hidji panjakit, tapi sanadjan oerang boga kasakit kitoe oge ari nganjerikeun deungeun mah oelah;

„Koedoe diadjar peurih teu karana ngarasoela" kitoe saoerna hidji radja di nagara Djerman (Duitschland). Hidji kajasa noe gede pisan, moen bisa hegar sadjeroning nandang kanjeri. Djalma noe djagdjag waring kas biasana sok hegar bae. Tapi koe pangadjaran oge mo boeroeng bisa oerang ngipoek kahegaran. Djalma teh loba pisan katoenaanana, tapi loba deui kabogaua. Ingetkeun bae heulaanan, jen djalma teh hiroep.

Tah ieu hiroep teh hidji kabeungharan anoe gede pisan, ana bener makena mah. Meureun moal aja anoe daekeun ngoekoerkeun dirina ka diri anoe lian, lamoen koedoe sakabeh kabehna, lantaran djalma mah henteu aja noe sampoerna.

Hegar, goembira, oelah kaliwatan nepi ka katingalna kawas lakoe noe mabok, tapi koedoe hegar anoe saenjana tea, anoe matak ngaresmikeun dina diri dina enggoning milampah kawadjiban. Sok bisa oerang nganjahokeun adat tabeatna djalma koe ngadengekeun seurina nja eta dina habah hehehna, bebereleanana, babarakatakanana djeung salianna.

Poegoeh bae djalma mah tara bisa hegar salawasna, tapi teu koedoe sagala gala didjieun kasoesah.

Aja hidji goeroe internaat (kostschool houder) njarita djeung moeridna, doeaan. Noe saoerang njaritakeun mentas djalan djalan, tapi taja pisan matak pikaresepeunana. Anoe saoerang deui nja kitoe keneh mentas djalan djalan tapi ieu mah mani walahwah-weuleuhweuh njarita teh, koe lantaran loba manggih karesepan.

Barang ditanjakeun, ti mana aroelinna teh, bet sing boreng teh ti djalan eta eta keneh. Djadi lain di barangna bae noe matak beda teh, tapi dina koemaha nendjona eta barang deui.

Karep hajang hiroep senang djeung goembirana, katjida pisan matak njehatkeunana badan. Matak daek loemantoeng, djalan djalan matak rewog dahar matak tibra sare. Malahan sok mawa senang ka batoer batoerna oge. Poegoeh ari soesahna mah hajang hegar bae teh, tapi milampah kitoe teh lain pagawean noe moebadir. Djalma anoe hegar dimana mana oge sok kaakoe, sabab eta tjenah, ana nendjo roman anoe hegar teh, sok asa nendjo sorot panon poë anoe njaangan ka oerang. Seurina djalma noe hegar mah mani matak njingkahkeun karoewed.

Soepaja hegar, oelah kaleuwihan teuing digawe. Saha saha noe hajang barang gawe bae, koedoe diadjar soepaja oelah loba teuing digawena. Ka lobaan teuing gawe henteu hade ba loekarna, boh ka noe migawena, boh ka noe dipigawena. Oelah ngahadja hadja teuing neangan kasoekaan, soemawonna hajang disoekakeun batoer mah. Ari elmoe noe aloes tea mah njaeta noe bisa njoekakeun maneh. Oelah hajang soeka boengah, ari make koedoe njoesahkeun deungeun mah.

### 12. TANAGA KAREP.

Sangkan roekoen nepi ka bisa djadi karep, perloe eta roekoen teh dilanggeugkeun hiroepna. Pikeun ngalanggeugkeun hiroepna eta roekoen wadjib aja tanagana njaeta anoe diseboet TANAGA KAREP.

Lamoen oerang teu boga tanaga noe kitoe bawa ti koedrat, wadjib diteanganana, da beunang di ala, njaeta koe pangadjaran. Pangdeu deulna halangan, haroengan kana mak soed ieu, engke bakal karasa. Boedak enodan, boedak anoe hade siit, hese seun pisan meunangkeun ieu tabeat teh, lantaran boedak anoe kieu mah langka njorang kaprihatinan, koe sa bab loba kahajangna anoe gampang kasorangna, pedah araja tea, pedah boga kolot beunghar atawa pedah ha de roepa. matak pikaresepeun batoer djadi koe itoe koe ieu teh disarambat dihalormat djeung pada naroeloengan dina manggih kasoesah. Djalma anoe kieu ana manggih karoewed saeutik bae, osok tagajoer, bingoeng, bingoeng poet pot digawe oge, katoengkoelkeun koe kasoesahna. Ari ka djalma noe gede karep mah, eta karoewed teh anggoer ngahajoh hajoh sangkan beu ki temen, beuki soehoed barang gawe. Pangna awak bisa koeat, koe lantaran bisa ngajonan gedagna alam.

*Samboengeun*

S. P.

## DJAWABAN.

Aja mobil di pagoenoengan mogok, koe lantaran djalanna nandjak djeung goreng. Rea baroedak anoe ngarogrog nendjo mobil mogok. Noe taroempakna toeroen sarta toeanna njorong mobil koe sorangan. Koe lantaran mobil keukeuh teu daek djalan toeloej toean teh ngomong ka baroedak: „Willen jullie mij helpen?", Koe lantaran baroedak pagoenoengan teu ngarti basa Walanda toeloej baroedak teh ngomong tarik pisan djeung pada batoerna:

„Lain euj, lain „CHEVROLET-mobil noe mogok teh!!"

## Wartos ti Administratie.

Hatoer noehoen nampi ti Djrg. Soepdj. Lg. no. 667 f 4.50 (Kw. III IV '27 I '28) ti Djrg. W. O. Mangoenredja f 1,50, Djr. W. O. Parigi f 1.50 Djr. W. O. Tjimerak f 1.50 Djr. W. O. Manondjaja f 1.- Djr. W. O. Sodong f 1 50 Djr. W. O. Tjikatomas f 1.— Djr. Ijon Tjikaloug f 1.50.

**Artos langganan kwartaal II '28 disoehoenkeun enggal dikintoenkeun ka Administratie Sipatahoenan.**

Hadiah Studenten,

Noe parantos kalebetkeun f 30.—

Hatoer noehoen parantos nampi ti:

| | |
|---|---|
| Djoer. Among Pradja | f 10.— |
| Djoer. Hardjo Proewito | f 5.— |
| Djoembiah | f 45.— |

Ti saha deui?

## Rasiahna Batara Kala.

(kaboeka)

**Djaman djeung noe ngadjamanan.**

Batara Kala. Naon hartina kala? Kala teh hartina, waktoe. Babagian waktoe sok diseboet djaman. Koe sabab oerang sarerea hiroep dikoedoeng koe waktoe, sasat tenteuleuman-kokodjajan dina waktoe, moenasabah katjida lamoen eta waktoe koe oerang digoegoeloeng, dioelik dipikiran naon rasiah-rasiahna, malak mandar djadi eunteung, pikeun loeang oerang, enggoning koemalendang di alam pawajangan.

Ari waktoe teh beunang dibagi 3 bagian noe gede: 1 Waktoe ajeuna nja eta anoe keur dilampahkeun, 2 Waktoe katoekang njaeta waktoe anoe geus kalampahan. Djeung 3 waktoe anoe baris datang. Bagian anoe ka 3 anoe pang penting-pentingna, sabab nilik kana sareatna nja eta waktoe anoe bakal kasorang koe oerang sare rea djeung koe anak intjoe oerang. Anoe matak sim koering wawanianan njeboet pang penting pentingna kana waktoe noe baris kasorang teh, kieu: Kamoeljaanana kahinaanana, kasalametan katjilakaanana, kasenangan kasangsaraanana, anoe baris toemiba ka anak intjoe toeroenan oerang isoek djaganing pageto, goemantoeng kana ihtiar oerang ajeuna.

Di antawis noe maraos tangtos aja noe nararos. ihtiar noe koemaha anoe hade teh atoeh, soepaja djadi kasalametan reudjeung kamadjoean ka toeroenan oerang di ahir? Lebah dieu sim koering teu bisa nangtoskeun koedoe kieu atawa kitoe, sabab lamoen oerang nangtoekeun kaasoep oedjoeb ria, apan goreng sipat takaboer teh tjeuk agama oge. Ngan oerang koedoe nilik, ngeunteung kana loeang-loeang djaman katoekang, anoe geus kadjadian sarta kalampahan koe karoehoen oerang noe ajeuna sarta noe baheula. Koe oerang koedoe disoesoeroep, dibanding-banding: Peta karoehoen noe koemaha noe matak djadi kamoendoeran, kasangsaraan ka oerang rea ajeuna? Tah noe kitoe teh atoeh oelah ditoeroet ditoekil koe oerang noe ajeuna. Sabab lamoen eta peta masih keneh ajeuna, dipilampah koe oerang, tangtoe dina waktoe noe baris datang, anoe bakal kasorang koe toeroenan oerang kahinaan kasangsaraan anak intjoe teh bakal lepet ganda ti ajeuna.

Sabalikna peta karoehoen oerang anoe hade anoe temahna matak ngamadjoekeun ka oerang ajeuna (nja eta anoe geus karasa koe oerang). Tah kitoe noe koedoe ditoeroet ditoekil, dipilampah koe oerang ajeuna.

**Saha saha noe lampahna ajeuna, matak moendoerkeun sarta matak nlang sara ka noe baris lahir pandeuri (na komelingen) eta djalma noe boga dosa ka bangsana.**

Beunangdi itatjet ngaranna dina zwarteijst, pikeun papaes sadjarah oerang djaga.

Demi waktoe di oerang beunang dibagi 4 djaman (tijdvak).

1. Djaman koeno pisan, nja eta djaman mardika, djaman radja radja di oerang masih keneh moerba wisesa. kawasa. atjan kapoerba deungeun.

Dina djaman eta koe sim koering teu rek ditjaritakeun tina bab adil teu adilna: sabab djaman baheula mah sakabeh bangsa oge saroea bae. hadjan di Europa sok aja radja-radja noe sok marabkeun djalma ka singa; malah nepi ka ajeuna aja keneh djirimna, jen boei boei di Europa, boh tina katohagaanana, boh tina kadjahanamanana, tetela boei boei Europa noe masih keneh njekel „wereldrecord". Anoe matak adil teu adilna mah djigana noeroetkeun djaman djaman; baheula baheula ajeuna ajeuna. Ngan perkara kabageuran at. kadjahatan, kaadilan djeung ka teu adilan, hardjana djeung teu hardjana noe baraheula teh diterangkeun ka noe arajeuna, nja eta koe paboeen patoeen noe tinggjaloenggi ring ajeuna, oeroet baheula tea.

Tadi di loehoer koe sim koering geus diterangkeun. dina djaman koeno pisan teh, djaman bangsa diparentah koe radja bangsana keneh, eta harita teunang diseboet djaman bangsa mardika. Dina djaman harita isme kabangsaan (nationalisme), rasa kabangsaan (nationaliteitsgevoel), katjida koeatna. djerona leuwih ti ajeuna, noe teu kasorang koe oerang, (Kakajaah atoeh masih djenoek sanab atjan kasoro koe deungeun.) Elmoe-elmoena geus loba sarta geus laloehoer kajaning: Staatbunde, boektina geus bisa njekel nagara sorangan. Elmoe dagang, boektina geus bisa tjampoer dagang ka Madagaskar, ka Hindoe, ka Tjina djeung p. p. Indonesia noe lian. Techniek, boektina geus bisa njieun kapal, pakarang-pakarang adegan adegan. Boroboedoer dj. l. l. Elmoe Falak boektina geus bisa lalajaran ka noe djaoeh djaoeh, teu sasab, teu katambias sarta teu kalawan ditoengtoen deungeun. Karadjinan, boektina manggaringali di Museum Weltevreden, tana permata emas, perak, kai, batoe tina tinoenan dj. l. l.

Kakoeatan, boektina di darat sarta di laoet geus aja balad-balad noe ngadjaga.

Wawanen, geus aja, teu eleh geleng, malah leuwih ti noe ajeuna, boektina wani ngambah laoetan noe lega, njabrang ka loean lian, nepi ka perang wani taroeng djeung noe lian oge.

Djadi: **Arta, arti, otot** djeung **wawanen** harita geus aja toemempel di bangsa oerang. Moega oelah salah paham, kaajaan bangsa oerang harita rek dibandingkeun ka djaman kiwari djaman **modern**, tapi koedoe dibanding djeung kaajaan bangsa bangsa lian dina djaman harita deui. Geura mangga tingali sadjarah, teu djaoeh djaoeh teuing katjekna teh, ngan beda **Oost** djeung **West** bae.

Koemaha ari ajeuna katjekna teh, euleuh ana lod teh, mani mang ewon ewon Mijl. katinggaleunana teh:

**Naon** sababna noe matak oerang pohara moendoerna. pohara katinggaleunana, engke di handap tangtos kasampeur, naon noe djadi sabab-sababna.

Ambrinna arta, arti, otot, wawanen kakawasaan djeung kamerdikaan bangsa oerang teh, lain koe lantaran peperangan patoetjoengalan djeung bangsa semah ti Europa, tapi koe lantaran perang djeung sadoeloer, sabangsa keneh. Harita oerang Walanda dipiudang saraja koe itoe, koe ieu, nja meunang boeroehan sarta meunang paroeroegi koe tanah katoet eusina. Beuki mindeng perang, beuki lega tanah noe dipake toeroeh ka oerang Walanda. Nja lila-lila mah ambrin dipake oepah, toengtoengna njang kewok di Tjirebon djeung di Solo sadoerek saderek. Djaba ti eta aja nu njajang di Djogja dj. l. l. deui nja eta Sabrang. Ari abdi abdi anoe rea pin-


**OPPROEP.**

Regentschaps Raad Tasikmalaja vraagt een Hoofdopzichter.

Vereischte: Diploma K. W. S. of daarmede gelykwaardig getuigschrift.

Sollicitanten met architecten diploma verdienen de voorkeur.

Bezoldiging volgens B. B. L. schaal B 12 kolom IV.

Sollicitaties (gezegeld) onder overlegging van gewaarmerkte afschriften van diploma's enz. in te dienen uiterlyk vóór 1 Juni 1928, te richten aan:

**Den Regent van Tasikmalaja.**

*Sareng Hormat!*

Hatoer oeninga ka para djoeragan. para para pamaos sareng ka Toko-toko boekoe, djisim koering ngaloearkeun hidji boekoe. asal tina aksara Arab disalin kana aksara Walanda njaeta soepados kaaos koe sadajana, sareng nganggo dangdingan. Ieu boekoe maksadna oedagan ilmoe bagian agama Islam, njaeta boekoe LAJANG MOESLIMIN-MOESLIMAT (ngoedag dalil anoe kaoeni dina Qoerân: Innalillahi wainnailaihi minal rodji'oen)

Ieu boekoe kalintang goenana anggoeun noe eukeur resep kana ilmoe kabatinnan (kam'aripatan). Kandelna 72 katja eusina 547 pada, keretasna sae, tjitakanana, tjitakan weuteuh (Druk. M. I. Prawirawinata Bandoeng).

Enggal enggal bae pesen bilih kaboedjeng seepeun pangaos 1 boekoe f 1,25.— djabi ongkos. Oepami ngagaleuh seueur, aja kortinganana.

Hormatna noe ngantos ngantos pesenan.

**MAD SARIP**

Taloen Madjalaja.

**KOSTHUIS**

**Nji Raden Retnasari Seladarma**

TASIKMALAJA.

Ngoeping wartos ti djoeragan djoeragan Goeroe, kaseuseurananana moerid moerid noe tarebih ti kota, noe ka sakolana didoegdag kana kareta api atanapi kareta mesin. di sakolana sok kirang madjeng, djalaran seueur waktos kanggo diadjar noe kapitjeun. Sadjabina ti eta koemargi miosna sok endjing endjing pisan dongkapna ka sakola teh sok noendeutan teu aja pisan napsoe kana diadjar. Komo noe kana kareta mesin mah sadjabina ti ngirangan kana kasehatan teh dongkapna ka sakola teh tangtosna loesoet-leset kesang, dimana tiasana aja napsoe kana diadjar? Sim koering ngaraos hawatos ka sepoeh sepoehna noe tisoekaroek tidoengdoeng palaj ngamadjengkeun poetrana.

Koemargi eta sim koering tiasa nampi moerid-moerid noe tadi tea. Tempatna, tedana, ngariksana pangadjaran, sareng kasehatanana tangtos njoekakeun ka noe djadi sepoehna.

Ongkos neda sareng njeuseuh dina saasasih djabi bajaran sakola f 12 pikeun moerangkalih ti klas 4 ka handap, f 15 pikeun moerangkalih saloehoeun kl. 4 (majarna ti pajoen).

dah ngabdi diadi rahajat Djoeragan Kawasa nepi ka kiwari,

Ieu kasjaan djaman koeno pisan beunang didjieun loeang koe oerang ajeuna, gorengna pitjeun ka djarian, hadena rawatan simpen dina iman kabangsaan. Eta tjenah miloe iehtiar anoe pohara, anoe tohaga mah, tatjan kadada kadoega, doemeh oerang lembek sarta bodo. Timbangan sim koering teu koedoe noe pohara, nadjan saoedjoeng ramboet tangtoe gede pah iana, sabalikna rasa mokaha doemeh saeutik miloe njetjepo kana kamadjoean: kakoeatan bangsa, eta noe kitoe teu sak deui, tangtoe gede dorakana, dosana ka bangsa.— Geuning tjeuk paribasa Malajoe. Sehari selembar benang, lama-lama mendjadi sehelai kain. Ajeuna dioepamakeun kieu ti saoerang sareboek boeloe pangdjoengdjoeng ka bangsa teh, ti 10 malioen djelema mah meureun geus ngahoedjoed (geus gede). komo ti 50 malioen djelema mah. Anoe matak oelah nga mokahakeun doemeh koe saeutik.

Ajeuna geus tetela jen pabentar djeung bangsa teh, teu roekoen teu rapih teh matak beak kaleboe-leboe. Koe sabab eta katjida hadena aja P. P. P. K, I. teh. Pakoempoelan anoe geus asoep ka dinja hidji pakoempoelan anoe geus maripat kana toekomst. Anoe teu daek ngahidji oerang reken pakoempoelan Staatsblad bae. (Kaom rinjoeh anoe ngageget kakoeatan bangsa oerang.

Dileehoer geus diterangkeun tina hal djatohna „Kaom koeno pisan" teh, nja eta nepi ka waktoe tjoel koe oerang, top dipoerba deungeun. Ajeuna nja ditema koe noe ka 2 („Djaman koeno)". Nja beunang diseboet ti taoen 1830 nepi ka taoen 1907, djadi ti semet Pangeran Diponegoro diboeang nepi ka mimiti goemelar Boedi Oetomo ka doenja.

Di djero eta tijdperk „djaman koeno", bangsa oerang hees tibra: mata molotot henteu neuleu, tjeuli molongpong teu ngadenge, digawe si digawe. tapi hasil gaweuna keur batoer, obah oesik dioesikkeun batoer, harita djaman noen ninggih, sadaja-daja, beunang oge diseboetkeun hees tibra sadjeroning njaring, maloeloe pakakas noe bisa ngambekan. Dina djaman harita mah djelema djelema bangsa oerang teh teu beda djeung golek, ngan kari koema ki dalang, dioesikkeun oesik, ditjitjingkeun tjitjing, ngan semet noen inggih sadaja daja Ben dara Kandjeng. Lamoen dina sadjero waktoe harita aja noe leukeun, njengtjelengankeun peredom, tampiling, talipak-tadjong. Koewe kerbo djeung persetan, meureun ajeuna geus djadi millionnair peredom. Tapi dina waktoe harita mah estoe tibra tjara toenggoel, bangoenna teh ngan noen inggih, sedojo dojo Dalem, pasrah Lillahi ta'ala, ngaoela ka kadar, takdir diri, soeka lilah; poegoeh - poegoeh djamomom koe sapatoe, padjar maneh kadar Allah dj. l. l. deui.

Migawe kebon di goenoeng, tjoel anak pamadjikan, kesang badag kesang lemboet, hasilna sadaja-daja keur batoer.

Beunang tisoesoet tidoengdoeng, boga meri hajam, soang djeung roepa-roepa palawidja, sadaja daja seba keur pahadjat.

Menak pesta, Marhaen pakpikpoek ngala soeloeh reudjeung daoen, hajam hidji ditjalongtjongan keur sadaja daja njamboengan, Lamoen teu kitoe djoeragan Patinggi bendoe.

Leuweung diboekbak koe batoer keur karet, kina djeung enteh, sadaja daja.

Sawah dipelakan tiwoe, sadaja daja.

Malah boga anak awewe hidji dipoendoet didjieun selir . . . . tjenah, sadaja-daja.

Koedoe neundeun pare sapikoel sewang tina sabaoe, keur neundeunna lioeran (koedangna). Barang geus rekah leuwih ti rekah, dipoelangkeun noe sapikoel tea bae, sadaja daja. Leuwihna ka mana, sadaja-daja.

Koe bangsa sedjen dieloeh - eloeh dikoewe-koewe, selain boesoek sadaja daja lian ti eta, mani sababaraha magazijn. Eta djaman koeno teh, djaman tibra, djaman noen inggih sadaja-daja, djaman soeka lilah, gemblengna nepi ka taoen 1907 kira kira;

Dina taoen eta nja goebrag B. O. lahir ka doenja, ti semet eta nepi ka ajeuna koe sim koering diseboet djaman anoe ka 3. Nja eta djaman Kaom Koeno tjampoer djeung Kaom ngora (Moeda). Djadi anoe mimiti lilir, ngoeliat, tanghi tina sare tibra teh nja eta kaom B. O. Koe lantaran aja noe geus njaring, nja mokaha beuki rea bae anoe tanghi teh, tina aja noe ngageuing - geuingkeun tea. Nja dina waktoe ajeuna mah mokaha oge geus rada rea anoe bareunta enja teh. Nepi ka rentoel pakoempoelan politiek, pakoempoelan dagang, pak. golongan sagawe, pak. pangadjaran dj. l. l. na.

Koe noe geus njaring ajeuna, geus karasa, katendjo boektina, malah pait peuheurna karasa, geura oerang tataan tapak latjak noe baheula teh, nja eta beubeunangan dina djaman I sareng II, (oeubeunangan geloet djeung doeloer. djeung beubeunangan sare tibra, noen inggih sadaja daja soeka lilah teh) kieu:

Gedong gedong noe araloes, galede, noe batoer, Marhaen kadoengsang doengsang manjisian. Nja aja noe di kota, tapi toekangeun djamban batoer.

Perdagangan noe galede, noe batoer.

Ratoes-ratoes pabrik tiwoe, mangewon ewon baoe kebonna noe batoer.

Ondernemingen noe batoer.

Bank bank, maskape-maskape, noe batoer.

Soemawonna kakawasaan mah noe batoer deui dj. l. l. ti eta.

Gawe karoehoen baheula nja kapanggihna koe oerang ajeuna. Pirakoe rek njonto kana pamolah anoe kitoe, sabab geuning karasa teu ngeunahna nja koe oerang ajeuna.

Lamoen oerang ajeuna tetep teu rapih djeung sabangsa, tetep noen inggih sadaja daja, tangtoe toeroenan oerang di ahir (**nakomelingen**), sangsarana sababaraha djoengkel ti ajeuna. Emoet gawe oerang ajeuna voor de toekomst! Saha-saha anoe hajang boga toeroenan sangsara, rasa masakat tangtoe tetep dina Kakoenoan, tibra sarta henteu rapih. Saha saha noe hajang boga toeroenan madjoe, senang, mardika sarta direken manoesa 1 weuteuh, tangtoe moal raos raos koelem, tangtoe waspada geuwat tjampoer kana pakoempoelan anoe maksoedna ngamadjoekeun bangsana, moen Soenda ka Pasoendan, Moen Djawa ka B. O. Moen Malajoe ka Soematranen-Bond dj l. l. deui.

Meureun aja noe nanja, naha noe ngamadjoekeun bangsa teh pakoempoelan-pakoempoelan? Sim koering goeroe boekti, memeh aja pakoempoelan-pakoempoelan, ti taoen 1907 ka di toe. apan sakitoe djemplingna tibra beunang diseboetkeun waktoe harita mah lain madjoe, tapi moendoer. Boek tina asal noe oerang, keur oerang; djadi noe batoer sarta keur batoer.

Tapi sanggeus rentoel pakoempoelan, make ajeuna geus aja Maskape (O. L. Mij Boemipoetra). anoe modalna make geus aja $2^1/_2$ malioen leuwih. Sanadjan atjan njoemponan. tapi geus aja. (Beter iets dan niets). Tah eta boektina „Arta" at. kapitaal noe diajakeun koe pakoempoelan teh.

Koe pakoempoelan - pakoempoelan tea diakalan koemaha sangkanna pangadjaran madjoe, nja ti harita pangadjaran teh ti handap nepi ka poentjak dibadean sarta ditambahan. Boek tina ajeuna mah geus reudang: Artsen, Mr. Dr. Ir. Hoofdacte. Hulpacte. Sakola-sakola loehoer di oerang geus rentoel. Beuer eta teh pasihan itoe, tapi lantaranana nja dihantem dipenta. diihtiaran koe pakoempoelan - pakoempoelan tea. Eta tjenah bangsa oerang mah tatjan rea noe bisa kadinja, bet itoe keneh itoe keneh bae. Nja eta oerang koedoe koeat tina arta tea oge. Sabab arta djeung arti teh babarengan, geura aja arta teu aja arti, mobisa metakeunana meureun, nja toangtoengna artana teh beak ditipoe batoer. Ajeuna aja arti teu aja arta, nja koeli-koeli keneh bae, njasat.

Dimana geus aja arta djeung arti, kakoeatan (Otot) oge noetoerkeun. Eta sababna economie djeung onderwijs koedoe dibeulakeun.

Lamoen oerang ngingetkeun ti taoen 1907 ka ditoe, wawanen djelema oge nambahan. Geura dina djaman eta mah, Banten Batawi teh mani asa djaoeoeh teh. Koema ari ajeuna, boedak satepak geus wani ka nagri. Djeung deui moenggoehing wawanen, hidji sipat anoe ngadjoengdjoeng bangsa anoe pohara.

Geura koe sabab ajeuna rea bangsa oerang kanjahoan geus rada warani, bangsa asing teh teu hamboer tjarek tjara dina djaman tibra tea. Dina adres adres atoeh make den heer, boes katoko ketjap toean djeung njonja teh geus meh biasa. Koema dina djaman tibra mah, koewe, monjet, talipak tadjong direumbenj koe peredom teh geus teu kaitoeng. Di Indonesia anoe kamashoer gede wawanenna teh oerang Atjeh, Madoera djeung Boegis, geura ka noe kitoe mah moal galak peredom. Tetela wawanen teh gede pisan gawena pikeun ngadjatnikakeun bangsa. Geura ari ka kaom sadaja daja soeka lilah mah djoeragan T. R. C. oge geus maen seutak-sengor bae. Da tjadoe moengkoek di Atjeh mah moal wanieun.

Anoe matak perloe oelah ngeplek djawer ngandar djangdjang, koemeok eleh koe bikang teh.

Koe sabab kitoe koe pakoempoelan pakoempoelan teh perloe ditjekel eta anoe opat perkara, njaeta: **Arta Arti Otot.** djeung **Wawanen.** Henteu kabeh, saboetoehna salah sahidji atoeh.

Djaman ajeuna geus kaitoeng rea noe njaring, geus gandeng, malah aja toekang ngahoedang hoedangkeun. Tapi teu weudeu masih keneh gempar koe noe tibra, tapi ajeuna mah lain sahees heesna, tapi hees koe wisaja deungeun (koe panjirep). Saban poe riab, loenta toekang sirep balawirii makan gadjih galaledo. Api-api ngahoedangkeun padahal mepende koe omong soheh. Ditirimang dikawihan koe mar haba djalan agama.

*Samboengeun.*

# KABAR

(Tina s. k. sanes)

Begrooting Kaboepaten Bandoeng djeung Tasikmalaja koe Gedeputeerden ditolak deui bae. henteu disahkeun.

—o—

Bodjona Adhoeri Tjiawi desa Soekapada kampoeng Badiot ngaran Sapnah dina malem Saptoe tanggal 31 Maart geus meuntjit maneh nepi ka paeh. Keur reuneuh oemoer 7 boelan.

Demi lantaranana gering panas.

—o—

Dina malem Minggoe kamari ieu Kapala Post Hindia geus njarita make telepon radio (teu make kawat) djeung kapala Post di Nederland.

Toeroej ti Hindia njarita Toean Berretty Directeur Aneta djeung kapala soerat soerat kabar di Nederland.

Omongan omongan ti Nagri kadengena ka Hindia tetela.

—o—

Tjabang Pasoendan Tasikmalaja geus njieun motie dina openbare vergadering tanggal 1 April 1928 soepaja tjoeke tjoeke pasar di Kaboepaten noe teu sapagodos djeung oendang oendang pasar (pasarverordening) geuwat geuwat ditjaboet, oelah didjalankeun deui.

Geus njieun motie ka Pamarentah njoehoenkeun, soepados Rechtskundigen bangsa Priboemi (Mr. sareng kaloearan ti Rechtsschool) satiasa tiasa ditempatkeun di tanah asalna, oepamana bangsa Djawa di Djawa Tengah, Bangsa Soenda di Pasoendan, oerang Soematra di Soematra enz.

—o—

Koempoelan Wargi Soekapoera parantos njanggakeun motie telegram ka Pamarentah soepados diajakeun koe misi koe Pamarentah pikeun mariksa perkawis lirenna Djoer. D. Wira di Atmadja Patih Wd. Regent Bandoeng.

—o—

Raden Ajoe Dalem Bandoeng parantos soemping deui ti Nagrina ka Bandoeng.

—o—

Gemeente-gemeente noe laleutik di Djawa Tengah djeung di Djawa Wetan saperti: Blitar, Salatiga, Modjokerto, Pasoeroean, Probolinggo bakal tetep ajana sanggeusna aja Provincie.

—o—

Di Toerki aja lini gede. Imah imah di Smyrna rea pisan noe raroentoeh djeung roeksak.

Djelema djelema rea noe maraot.

—o—

Radja Siem soempingna ka Hindia kira kira dina 18 Juli '28. Kolonel Overeem bakal ngiring Radja Siem dina ngadjadjah Hindia.

—o—

Comite Inlandsche meerderheid ajeuna keur badami djeung Djoeragan Djoeragan Djajadiningrat, Hadiwidjojo, Ratulangie djeung Moelia soepaja arandjeunna kersa djadi oetoesan Djawa, Tanah karaton, Poelo Celebes djeung Poelo Soematra pikeun njieun Actie Inl. meerderheid di Nederland.

—o—

Pamarentah Mesir ngadjawab Nota Inggris, jen Mesir sanggoep ngadjaga pikeun kaperloeanana oerang loear di Mesir. Djadi menta dina kontrak soepaja Inggris oelah pipiloeeun kana perkara Mesir noe ngaweungkoe djero nagara woengkoel.

—o—

Koemisi Simon di Hindia Inggris geus ninggalkeun Bombay rek balik ka Inggris Toean Simon biantara moega moega maksoedna koemisi anoe rek ngabantoe Hindia Inggris soepaja meunang djawaban noe ngeunah ti Hindia Inggris.

—o—

Koe lantaran di Amerika kaler aja noe pasang bom, di Chicago dina waktoe pilihan tanggal 10 April '28 soepaja koe G. G. diidinan njoempah 500 poelisi pikeun ngadjaga kaamanan nagara. Mr. Swanson meunang antjaman rek dipaehan.

—o—


**Kosthuis di Tasikmalaja.**

Woengkoel kanggo moerid sakola MULO sajagi tempat, tiasa ngadjalankeun oepami teu kirang ti 10 moerideun; tiasa nampi henteu langkoeng ti 15 moerideun.

Djoeragan-djoeragan moegi oelah salempang manah, dahar leueutna, sarena sareng tempat sarena, diroemat leres, (Europeesche toezicht).

Sajagi lomari tempat papakeanana, tempat boekoe-boekoena enz. medja korsi tempat ngapalkeun dititenan pangadjaranana di rorompok, tjekap verlichtingna, salamina nganggo tjai waterleiding, sareng dititenan perkawis kasehatanana, nganggo atoeran pikeun aroelinna.

Padamel koki, djongos, nganggo anoe parantos paham.

Anoe bade ngalebetkeun moerangkalih ka ieu kosthuis moegi enggal ngawartosan ti awalna, lamaran langkoeng ti ping 10 Juni 1928 henteu tiasa ditampi. Pembajaran dietang sedeng f 25.— sasasih compleet sareng ongkos njeuseuh papakeanana; ongkos kedah di bajar ti pajoen (timpah sasasiheun)

Serat serat adreskeun
KOSTHUIS TASIKMALAJA
per adres Heerenstraat No, 27
Tasikmalaja.



**TOKO**
**Universeel Agentschap**
**NIC MULLER**
Goenoengladoe 15 Telepon No. 26
**TASIKMALAJA.**

Nembe nampi Verbandtrommel (tempat oebar kaperloean sadiinten).

Perloe keur sadaja djelema noe tebih ti doktor.

Katjida perloena keur sadiaan di bale desa soepaja sadaja djelema bisa dioebaran oepama potong, raheut, regrag, barareuh, njeri beuteung, njeri panon katjida atawa dipatjok oraj

Dina ieu verbandtrommel sadia sagala roepa oebar kaperloean sapopoe.

Tjobi soemping ka Toko atanapi njaratan engke diterangkeun sagala roepina eta verbandtrommel.

Noe ngadjeng-ngadjeng
**NIC MULLER.**

N. B.
Di toko kenging moendoet pijceun raut teu kedah majar.



**Schoenmakerij en Kleermakerij**
„Malah Mandar"
Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tiasa nampi pesenan (kengkenan) ngadamel roepi-roepi raksoekan anggoeun pamegel atanapi moerangkalih modelna tiasa noemoetkeun sakoemaha kapalaj, sareng disajagikeun roepi-roepi lawonna.

Oge njajagian slop-slop, sendal-sendal spatoe-spatoe ketoe oedeng mode? Djawa sareng Soenda Kopeah boeloedroe noe kasar sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan poen
**O. Sasmita.**

N. B.
Toedoeng Panama
noe didamel tina palm f 8,—
„ „ „ djakal f 2,50
strobin (pamoelasna) f 0,25



**Preanger Chemicalien Handel**
**Telefoon No. 76.**

Selamanja sedia roepa - roepa obat patent dan lain lainnja, Minneman, Seroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.



**TAN JOE AN**
**TOEKANG GIGI**
Dinroeka Pasar Tasikmalaja.

Saja bisa bikin gigi roepa - roepa dan bisa obatin penjakit gigi.

Kerdjaan ditanggoeng baik dan harga pantes.



**ELECTROTECHNISCH BUREAU**
**C. A. GRANPRÉ MOLIÉRE**
Naripan No. 103 Telefoon No. 2120
BANDOENG.

Mendjoeal dan bikin betoel MAGNEET, Dynamo, Starter, Accu, Delco enz.

Segala barang jang didjoeal dan dibikin betoel. dengan memake tanggoengan (garantie)

Kaloe toean maoe taoe, kebaikan dan kebagoesannja dagangan dan pekerdjaan saja, diharep toean menjaksiken ke tempat saja, atawa bertanja kepada saja poenja langgaugan-langganan.



**Toko Boekoe**
**WEBER**
DJALAN STATION № 12. TELF. № 13.

**Boekoe-boekoe** pengadjaran **bahasa Belanda**

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, noe geus kasohor . . f 1,50
Walanda-Soenda 3 „ „ „ „ „ à . . f 0,75

**Cursus Basa Walanda Pikeun oerang Soenda f 0,75**

Pikeun Cursus sareng Sakola kenging potongan 15%

# Lepasanana Djrg. Patih Bandoeng, Dalem Warnen, Raden Demang Wira di Atmadja

## Goedjroed Bandoeng.

Koe pangersana anoe Kawasa, titis toelis ti 'Jang Widi, teu meunang henteu koedoe aja g o e t j i w a s i a t anoe koedoe peupeus mantjawoera; geus teu beunang disingkahan. Gedjret . . . . . ajeuna peupeus, ngan eusina anoe teu atjan mantjawoera pisan, atawa lamoen mariem mah kakara soet . . . . . disoendoet, sarta geus beledoeng, ngan pelor garanatna henteu atjan mantjawoera.

Geus kitoe tea bae, dadalan . . . ., loba pisan bahan lantaranana Goesti Noe Maha Soetji henteu widi njimboetan anoe goreng, awal ahir koedoe aja boentoetna, kitang bara ari ka tjingtjirihi mah.

Rame pisan ajeuna ajeuna, dina soerat soerat kabar, komo dina Bat. Nieuwsblad djeung A. I. D. mah, pohara terang njatjasna anoe ngalalakonkeun naon sababna anoe matak Djoeragan Wiradiatmadja dilepas, teu meunang ampoen, tina ngawakilanana Dalem djeung kapatihanana.

Tjenah ari anoe djadi marga lantaran mah ora lian kadjaba tina perkara njieun kondisi pidalemeun Garoet, djoer. Moesa, katjida gorengna (ongunstigna), vernietigendna.

Noeroetkeun bedja tea, koe sabab djrg. Wiradi Atmadja, ngadjalankeun bener, ngalaporkeun kaajaan noeroetkeun boekti, teu dikoerangan teu dileuwihan, noeroet adat ka Satrian, ngadek satjekna, nilas saplasna, lantaran sieun reged kana salirana, bet dibendoean koe noe ti pajoen nepikeun ka lapoerna . . .., andjeunna dilepas tina damelna.

(Djigana, ana kitoe galagatna, dina corps B. B. ambtenaar mah, oelah sok bener teuing, da kitoe baloekarna. Roepa roepana . . . . . . . . koedoe bisa patpat goelipat, soelap, „beureum" diseboet „hideung".

Nadjan „hideung" ari tjeuk sang Batara „bodas" mah, oerangna [illegible] goera giroe bae njeboet: „Aeh . . . aeh . . . . daww . . . woeh bod . . . bod . . , bodas.— Bet hilap, meh bae teu katingal, hehh . . . . hehh . . . . soemoehoen . . . jakkketos?

Sakitoe kapala agoengna, dilain lain oge wawakil dalem. naha ana dilepas mani salah batan djongos atawa toe kang kebon, teges ngagelentjeng teu meunang tjai atah, Settt . . . prettt gelentjengngug . . . . papisah kamoel jaan teh djeung kai badan. Sihoreng kitoe! (M a n a s i n g a r e m o e t n o e a r a g o e n g ! ! oelah sok asa aing oejah kidoel ! ! !)'

Katoeroeg-toeroeg djaba ti kitoe teh kapan di doenja Inl. B. B. mah geus moal sja noe bireuk ka djrg. Wira di Atmadja teh geus mashoer, djelema tjanteng, djelema tjakep, oeninga kana gawe, djelema tjepet bener, toer di sakola — bedjana — pamoedjian rerentjanganana, pinter, getem, djedjer djoedjoer, ka batoer ahli toetoeloeng.

Tapi sanadjan sipat djeung kahananana kitoe oge, da moeroegoel kana kapalajna goepernoer, handal hendel ka residen, moengpang kana rindat oesikna halis djeung mata, nja teu boeroeng angkleung-angkleungan ngalalakon di laoetan Cylon, da ari kasa lahanana mah, di ajana oge—ari tjek bedja tea mah—meh teu aja (henteu pira).

Ari noe djadi poko, teu aja deui, ngan eta tea bae . . . conduite staat.

Demi pangna andjeunna njieun kitoe, koe ngeukeuhan Ki Bener bae, Moal enja koedoe ngaloeskeun djelema goreng, tjenah, atawa ngabenerkenn djelema salah. Lamoen kitoe teh dina raraosan andjeunna, tangtoe pal soe, djelema beunang diolo-digelo, sarta gadjihna anoe katampa oenggal boelan teh tangtoe (lamoen kitoe tea) lain ridjki anoe h a l a l, barang riba, anoe teu mawa kasalametan ka sapoetra garwa.—

Tapi sanadjan kitoe mamanahanana oge—noeroetkeun s koemaha dina kabar tea— andjeunna teu oedjoeg-oedjoeg loeas, djebrod . . . . njieun lalaporan kitoe, sabab gede arang iring na ahli toetoeloeng, karoenjaeun ka pidalemeun, nja—d i p l o m a a t di di toena mah—disanggakeun ka Toean Residen, soepaja didamel koe andjeunna bae, dakoena mah, teu atjan terang ka sakabeh prijaji, lantaran anjar keneh tea.— Padahal batiniahna mah soesah, koemaha nja pilagoeeun, da poegoeh katakoeanana djeung pagaweanana eta pidalemeun kapontjongok saari - arina.—

Ari taladjak . . . . maloem pidalemeun anoe tangtoe leuwih ti tangtoe tjek B N, noelak tjangkeng dina kelek bisloeit geus asa dina sakoe, madjar keun teh, nja teu woedoe matak helok anoe teu atjan oeninga di dinjana mah.

Malah tjek paomongan djelema loear mah, da ajeuna teh prijaji-prijaji di Bandoeng gede leutik, asa koemaha . , . . meureun, paoer alah batan naon-naon, sieun, risi, baloeas, . . . . asa kaboer pangatjian,— Tapi sakitoe deui doeka . . . terserah ka noe ngalakonan, da koering mah darma bedja. Ari bedja tea . . . . bedja, sok loba benerna.—

Koe sabab Djoeragan Pidalemeun tea, Dirg. Mh, Moesa, perloe dibenoem ajeuna, lantaran ramana di Garoet keur moendoet pansioen tjenah, koedoe advis anoe maher pisan sarta ti directe chefna, Kdj, Wede.

Hoeleng djentoelna djr. Wede, meunang parentah kitoe, lain dikieuna, Koemaha djeung koemaha, perang sabil dina salirana, goelet papoeket aja doea tiloe poëna, nja ana goebrag . . . . . . resultaatna teh. conduite anoe gorrr . . . reng tea.—

Giligna njieun kitoe teh, tina sabab dina toedjoeman andjeunna sieun di ahir matak njilakakeun ka djelema djelema anoe aja di bawahanana, dimana pidalemeun geus tjle djadi Dalem.

Ieu advies teh, ngalantarankeun bendoe ka pangagoeng, nepikeun ka andjeunna disesedek koe residen—tjenah—dietjes-etjes sagalana datang ka andjeunna moendoet narik kombali kana eta advies, ngan teu dipaparinkeun. Toengtoengna andjeunna ngadamel toelichting, rada verzachten (ngentengkeun) ka noe geus dilaporkeun tea.—

D i d i e u p i s a n k a t j e r e k n a p e r m a t i a n a n a d j o e r a g a n W e d e.—

Handjakal! Tapi sakitoe deui, teu ngabibisani, da nja di hoerang, nja di keujeup, noeroetkeun koerosboekna beuteung. Ngan teungteuingeun anoe tj loehoer bae, abong-abong geus bajangan. Hoen koering mah harita noe ngawakanana meureun moeriang teu kawajaan, djaba ari tjalana ngadukngadak diseuseuhan mah. Hadena bae ninggang ka Patih Maktal, moen dina lalakon Amir Handjah mah teger, adjeg teu oenggoet kalindoean, ngantjik dina sabar darana.- Sakitoe diseboet onbeschoft, onbetrouwbaarsagala, noeroetkeun A. I. D, mah, koe toean Goepernoer tea anoe bareto wera ka Dalem Bandoeng teu ngabidjilkeun petak Bagenda 'Ali. Anggeus . . . . bendoena Goepernoer teh. abis - abisan, henteu ngagehan keur isoek.

· Pangagoeng— noeroetkeun A.I.D — aja sangkaan jen pang andjeunna njieun advies kitoe teh, tangtoe kdj. Wede keuna koe pangaroeh noe lian, noe palaj ngaganti (ngalih) ka Garoet, atawa bisa djadi lantaran pamili Soekapoera djeung Garoet baheulana maroemoes chau, ajeuna dibales koe seke selerna.

Lamoen enja aja pangagoeng noe kagoengan sangkaan kieu, asa atah rampa, sabab aja saksina. Anoe njieun advies kitoe teh lain ngan andjeunna bae, tapi toean Assistent noe ngalih oge nja kitoe pisan adviesna, katoeroeg toeroeg noeroetkeun archief conduite staat, bet palebah Djoerg. Moeh Moesa dina taoen 1926, oge djaoeh tina aloes, malah goreng teu beda djeung ajeuna tjenah mah.

Doemadak saking doemadak dina waktoe djr, Wede rek dipariksa koe Goepernoer, bet breh deui bae, tjek bedja mah, manggih deui kasalahanana anoe koedoe diadvies, sarta matak mateni oge kana kapangkatanana.

Tapi sanadjan kitoe, dasar keur bintang terang, kasalahan anoe pantar kitoe teh, saoer pangagoeng „i e t s g e w o o n s", loembrah di sagala djelema aja; kitoe tjeuk oedjaring bedja.

Koe margi djoerg. Wede geus beda raos, sarta nilik kana pokpokanana Goepernoer dina waktoe mariksa, sakitoe pait peuheurna lada alah manan tjabe rawit, nja tarekah njanggakeun „bezwaarschrift" ka G. G., ngalalakonkeun naon sababna andjeunna njieun advies kitoe (katoet katrangan katrangan djeung boekti boekti), sarta koemaah prak prakanana toean Goepernoer dina waktoe mariksa.

Tina hal ieu teu aja hidji soerat kabar anoe bisa nerangkeun, naha eta „bezwaarschrift" teh, samemeh datang bisloeit lepasan, geus katampa henteuna. Anoe poegoeh mah ngan matak helok noe aja, lantaran poetoesan anoe sakitoe pentingna dikeresek-tjara noe sidoeroe isoek, inghaie Dalem eta teh, di lain lain oge.

Geuning, basa rek moetoes Dalem Brebes mah teges diganggajong, ditjoektjroek, disakarak, ditaloengtik, bisi henteu sah salahna, moelan-malen dikali tjatjingkeunana oge henteu goeroeng goesoeh, gereges gedeboeg, tjara Bandoeng, estoe gell . . , gelentjeng, toer ngan oekoer sakitoe salahna hen teu matak ngaroegikeun ka Goepernemeu atawa ka djelema - djelema.

Katoeroeg-toeroeg kapan ari ngabenoem dalem mah, lain tjara milih loerah, atawa ngabisloeitan toea kampoeng, tangtoe koedoe bener pisan, aloes pisan, rintih pisan, pilihanana teh.— Ari ieu djol aja katrangan kitoe djaung kitoe, anggoer d i h o t p e r e d o m si noe mere katranganana, toer tatjan poegoeh palsoe henteuna eta katrangan teh.— Bet tjara anoe asih d i p o e l a n g s e n g i t, atawa tjara n o e g a g a b a h r e k n j i e u n p i d a l e m e u n a n a, ana kitoe aloer toetoeranana mah.—

Sanadjan hoekoemanana anoe ditibankeun ka djoerg. Wede tea e e r v o l o n t s l a g, sarta bisa diangkat deui kana Wadana, tapi tjek koering keukeuh, lamoen nilik kana tjoektjroekan kabar henteu ngabanding kana noe diseboet dosana. Teu aja bedana djeung noe maling endog hajam diboeang seoemoer idoep, (Naha perwatek tempat atawa aja hal sedjen?)

Komo ieu mah dosana anoe njokotek, ngan oekoer diseboet „l o e n t j a t m o e l a n g" niet standvastig. Toer padahal pangkitoena teh, henteu sepi tina sabab, sarerea oge, teu njaho poe tih, teu njaho item, lamoen pada aja dina omstandigheden kitoe, tangtoe kitoena, koem . . . . pikeun sakabeh djelema.—

Noeroetkeun overtuiging (kajakinan koering, djaoeh tangeh kana andjeunna beinvloed koe itoe atawa kieu, lantaran djelemana-djalema tjepet bener nenggang pangartina ti noe lian, di doenja B. B. mah.

Paingan teuing Dalem Bandoeng W. N. Koesoemah, geus pasini ka Kdj. Besar, noeroetkeun Bat. Nieusblad, pa noenoehoen oepama soemping ti nagri oelah dibarengkeun deui sagawe djeung Goep. Hillen. Pantes, rek djidjiraeunana teh, da boektina kitoe geuning pamilikanana djr. Wede.—

Noeroetkeun soerat-soerat kabar tea tangtoe ieu perkara. moal sakieu bae koedoe aja boentoetna, sabab lain kadjadian noe biasa, ari pantar kieu mah estoe model, saboeh ditoeeun ti aheng, Malah tjeuk koering lamoen ieu perkara teu aja toeloejna, atawa teu dianggeuskeun koe djrg, Wede, bisa (rada wani) njeboet „j o e n i b a n g k o n g" ka andjeunna, kawas lain anak bapa.—

Atoeh lamoen djrg. Mh. Moesa hen teu sanggoep ngaladenan „t a n d a n g d j o e r i t b e b e n e r a n" lain terahing ratoe rembesing koesoemah.— Poer . . kadinja geura diadoe bener! Tjing „bener" saha anoe s djati.—

Ari koering mah netral, teu nja beulah ka itoe ka ieu, da doeanana oge „Vreemden" keur koering mah. teu kakak teu tjaladi, henteu wawoeh wawoeh atjan, ngan awahing koe ngaboga an belangstelling bae, hajang njaho mana „p epoelasan", mana barang „asli".— Da ari ka noe diangkat djadi Dalem mah, ka ieu ieu oge ngan mang atohkeun. ngan teu resep soteh kanoe ngagoeng-ngagoeng maneh, hajang didjieun „P r a b o e S i l i W a n g i".

Ari ka noe pikitoeeun mah taja petana miloe ngadoäkeun, anggoer ngabaid-baid sarta noe geus kitoe sing katjingtjirihi.

Pendekna, lamoen seg koering djadi djrg. Wede, moal tjitjing, tjadoe toedjoeh moengkoek, tapi teterekel, seseleket neangan Ki Bener, Dalem Bandoeng ti nagri soehoenkeun geura geura moelih, sina ngahatoerkeun wewongan ka pamarentah. Da lain koedoe dilawan tjitjing ari pantar kieu mah.— Sabab ieu teh estoe mang salempangkeun pisan. di doenja B. B. mah.

Nja kitoe deui pikeun pamarentah, lamoen enja njekel kaadilan, sarta ngadjaga kalangkaboetna di Inl. B.B, koedoe gantjang instellen hidji commissie anoe pohara neutraalna, oelah njandak ti kaom B. B. bisi beurat sabeulah, pikeun ngonderzoek ieu perkara, Voorstel ti koering: Voorzitter Toean Goiee Adviseur Inl. zaken, leden: djrg Soejono, Djajadiningrat, Thamrin, Dwidjo, Soeroso (mangga pilih!) Ari djrg. Otto mah, oelah, teu katji.

Paoer koering mah, paoer, lamoen teu boeroe boeroe dipadjoe, tangtoe Inl. B. B. bergojang. Sieun koeringring mah.

**Oca Nany.**

---

## Tjarek A. I. D.

Redacteur Batawi ajeuna geus bisa nerangkeun anoe tjoekoep tina hal perkara Goepernoer Djawa Koelon djeung Wd. Regent Bandoeng katoet kaajaan noe patali djeung hal eta.

Ieu hal noe djadi loeloegoena tina hal njieun conduite, noe baris dilaporkeun nerangkeun pibopatieun Garoet.

Pibopatieun Garoet teh nja eta O. Kartalegawa, poetrana Bopati Garoet sarta geus pada njaraho jen andjeunna noe pingagantieun ramana.

Goepernoer Djawa koelon teh geus mindeng nolakna kana gantjang gantjang ngabenoem.

Waktoe keur djadi keneh Directeur B B. oge geus koedoe gantjang gantjang dibenoem, tapi toean Hillen tetep nolakna, malah sanggeus djadi Goepernoer pisan geus aja rekesan.

Ajeuna waktoena geus nepi; geus njoemponan kana didjenengkeun Bopati Djoer. Kartalegawa teh.

Tina hal conduite na ieu tjalon bopati teh noe dilaporkeun koe Resident Priangan tengah djeung Goepernoer hade, sarta dikira moal nja halangan haroengan.

Komo euweuhna teh sanggeus aja paroehoenna noe keur djadi Bopati Bandoeng soepaja oelah njieun conduite, lantaran andjeunna tatjan iasa njeboetkeun naon-naon ka pibopatieun teh.

Voordracht (Podrahan) teh ngaliwat ka kantor Inlandsche zaken. Ka ieu kantor wd. Regent teh geus nerangkeun jen timbanganana ka bawahanana (tjalon Bopati) koerang hade. Ieu kantor teh siga noe ngaanggap pisan kana timbanganana wd. Bopati teh, nepi ka moendoet soepaja Wd. bopati njanggakeun laporan tina perkara Djoer. Kartalegawa.

Kantor voor Inl zaken teh geus oeninga deui jen noe djadi wd. bopati teh teu kersaeun ngadamel conduite.

Saperti noe geus didjalankeun nja wd. bopati teh dipoendoetan timbangan pikeun pibopatieun Garoet teh. Ari timbanganana teh „matak poetoes pangharepan". Aja katrangan jen kaadjeganana (kapertjajaan pikeun noa ti loehoer) tatjan bisa nerangkeun.

Toengtoengna pisan mah Djoer. Kartalegawa teh lain bae ongeschikt pikeun dipadjoekeun malah djadi wd. patihna (pagaweau ajeuna) oge sampoeneneng.

Koe lantaran kitoe pangharepanana wd. patih kana djadi bopati Garoet teh euweuh pisan, Ngan aheng wd. Bopati teh timbanganana bet disoehoenkeun deui, andjeunna moendoet ka toean Resident moelangkeun deui conduite rek dirobah.

Toean resident mimitina nolak kana eta pamoendoet tapi achirna mah ngidinan pikeun ngarobah.

Djadi wd. bopati teh moendoet rek njanggakeun deui conduite anjar, tapi sanggeus nampa noe heubeul. Dina ieu hal perloe aja goepernoer.

Goepernoer indit ka Bandoeng baris mariksa wd. bopati Bandoeng sarta disaksian koe toean resident. Koe Goepernoer ka wd, bopati diterangkeun jen teu make tata ka doenoengan, menta heula noe heubeul kakara rek njieun noe anjar teh. Dina lebah eta katara teu pertjajana ka doenoengan ti sahandapeun.

Goepernoer nitah nimbang hade gorengna moen goepernoer ngalakoekeun kitoe ka Toean Besar, doenoenganana.

Lantaran Goepernoer bareto narima laporan noe teu hade hal wd. regent oge diterangkeun. Kira kira kieu basana: Andjeun oeninga jen andjeun teh lantaran djadi patih pangkolotna keur ditalingakeun soepaja boga pangharepan, bisa henteuna dipertjaja.

Prakprakanana njieun laporan, mimiti njanggakeun conduite noe goreng, toeloej njanggakeun deui noe koe goepernoer baris dibenerkeun, terang jen pangharepan andjeun teh euweuh.

Saenjana tjeuk A. I. D. bareto ngadenge laporan goreng keur ieu wd. regent teh, tapi lain tina hal kapinteranana tapi *adatna* wd regent.

Kana ieu laporan Goepernoer teh sasat teu nganggap lantaran teu kasaksi djeung koe lantaran diantara patih pangkolotna nja dibere pangharepan.

Hal conduite tea koe lantaran koe Goepernoer pribadi dipariksana, terang jen timbanganana noe djadi wd. bopati teh teu beunang dipertjaja, koe hal eta koe goepernoer divoorstel soepaja Dalem wd. teh boh dilepas. boh ditoeroenkeun deui kana wadana.

Pamarentah nja moetoeskeun nga lepas.

Tjek A. I. D. Tina hal ieu oerang bisa njaho jen moal kadjadian naonnaon moen teu aja piwarangan ka wd. bopati njieun conduite, noe mimiti teu kersaeun ngadamel. Toeloena pa goeh pisan jen wd. bopati teh nintjak djalan noe teu angger. Andjeunna njoba-njoba nimbang noe hideung dja di bodas, kadjadianana nja koedoe di tanggoeng koe andjeunana.

Andjeunana geus ngawirangkeun ka doenoengan menta soepaja bareng moelangkeun djeung njanggakeun" sarta ahirna, barang dipoetoes koe goepernoer sarta andjeunna oeninga jen ka Goepernoer Djendral, nerangkeun jen teu pantes noe djadi goepernoer ka andjeunna njeboet teu beunang dipertjaja djeung koerang adjar.

Ieu panoetoepna, A. I. D. geus njoba njidikkeun sarta enja goepernoer kitoe pokpokanana tapi patali djeung sakabehna perkara ieu.

Ti mimiti pisan A. I. D. teu ngedalkeun timbanganana. Ieu teh perkara anoe rea, anoe dina waktoe-waktoe ieu kanjahoan. Ieu hal djero.

Pikeun nimbangna oerang koedoe lepas tingal lain eta hal bae. Naha geus lila aja papaseaan antara toeroenan Soekapoera djeung Garoet (Moesa bond vl.) lantaran eta doea ambtenaar teh toeroenan eta?

Naha aja doea djelema pikeun pibopatieun Garoet teh?

Koemaha timbangan kantoor voor Inl. zaken, saha noe koedoe dibenoem di Garoet?

Koe pertanjaan ieu kabeh, katjida banggana pikeun ngajakeun timbangan oerang.

Maluh tjeuk A. I. D. mah tambah njaho, tambag hesena.

Saha noe rek ngedalkeun. jen „asa katjida teuing nepi ka kitoe" pikeun ka ambtenaar? Kabeh-kabeh njanggakeun,

---

## Warnen dalem Bandoeng.

Potjotan warnen dalem Bandoeng *Raden Demang Wira di Atmadja* tina kapangkatanana teh hidji kadjadian anoe pohara loear biasana dina babad kalangan paparentahan nagara (Binnenlandsch Bestuur,) datang ka katimbang masih keneh perloe— tjeuk soerat kabar A. I. D.— nadjan geus mere bewara anoe sakitoe pandjang lebarna, neangan keneh katerangan ka sakoer noe baris piterangeun kana ieu hal. Beubeunanganana, ieu di handap sabisa bisa dipedar nadjan koe sabab rea noe teu sapagodosna k a t e r a n g a n sarta noe matak djadi hesena ngarti kana roepa roepa alatan noe ngalantarankeun kadjadian kadjadian ti eta 2 pihak, nja eta 1e ti pihak djrg. *patih* noe eureun djeung 2e ti pihak t. residen Priangan tengah djeung t. Goepernoer, noe ngabogaan hak pikeun njieun pertimbangan.

Ieu katerangan noe geus kapanggih:

Dina boelan December taoen toekang djrg. *Wira di Atmadja* geus ngadeuheusan ka t. residen ngelakkeun kanjaanana djrg. *wadana Raden Soeriakarta Legawa* dina enggoning ngadjalankeun ka - kawadanaanana. noe djadi babakoena pisan prak - prakan djeung tingkah lakoena noe teu hade ka papada sasama ambtenar.

Koe t. residen teu kabartoseun, Kdj. Dalem warnen dina waktoe hoeboelanan bae geus iasa ngadamel pertimbangan anoe sakitoe malindesna ka eta amtenar (R. Soeriakartalegawa).

Ieu kadjadian teu djadi katoetoeloejan.

Dina tanggal 8 Februari taoen ieu, djrg, *Wadana* ter beschikking soemping ka dj. *Patih*, moendoet soepados andjeunna kersa midamel conduite enggal, sabab saoerna: kedah diuten eta keneh conduitestaat teh kakintoenna ka Batawi.

(*Samboengeun*).

# Awas CHEVROLET Awas

## MOBIL

# CHEVROLET SEDAN



## Naon margina noemawi djelema-djelema ajeuna ngagaleuh mobil CHEVROLET noe noetoep?

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** ten motorna teu kinten kiatna ladjeng seueur deui kaoentoenganana nja eta :

Doepi margina klaserina (tempatna) **Chevrolet noe noetoep** teh boeatan **„FISHER"** bidji pabrik klaseri (Carosserie) noe pangmashoerna.

Doepi margina djandelana sadaja kenging ditoetoep sareng diboeka.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** mah langkoeng tiis batan mobil naon bae noe moeka.

Doepi margina ongkos sami bae sareng mobil noe moeka biasa.

Doepi margina karetana sama sakali teu tiasa ojag.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** gadoeh sadaja babagian noe sae pisan sami bae sareng Sedan noe langkoeng marahal.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** langkoeng loetjoe batan mobil noe moeka.

Doepi margina dina waktos samenit oepami hoedjan, djandelana tiasa ditoetoepkeun, rapet moal baseuh saeutik eutik atjan.

Doepi margina dina **Chevrolet noe noetoep** mah pantona sareng katja pajoen kenging diboekakeun.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** langkoeng lega sareng langkoeng raraos.

Doepi margina koe toempak dina **Chevrolet noe noetoep** teh dianggapna koe djelema langkoeng loehoer.

Doepi margina saha-saha noe nganggo **Chevrolet noe noetoep** katingalna teh djiga djalma noe agoeng pohara benten sareng noe biasa.

Doepi margina **Chevrolet noe noetoep** teh mobil **Sedan noe pangmoerah moerahna** dina klas eta mah.

Koe margi eta sadaja noe perloe nganggo mobil **keur anggoeun koe andjeun** atanapi keur **sewakeuneun** nanging kedah dibestel, djadi henteu diiderkeun, langkoeng sae ngagaleuh **Chevrolet noe noetoep.**

Doepi margina ieu teh henteu disebat sadaja kasaeanana **Chevrolet noe noetoep** bilih pandjang teuing.

Katerangan perkawis pangaos sareng pamajaran njitjil noe katjida **entengna** sae naroskeun bae ka

**Firma ROUS & MEEUWENOORD**

**DI TASIKMALAJA**

Djalan Singaparna No. 1 (gigireun Toko BENS).

Di dinja aja oge tempat ngadangdosan mobil

(reparatie atelier, bengkel).